



Konstui Amitye

*ant moun ki gen andikap
ak moun ki pa genyen yo*

**Yon Gid pou Òganizasyon
ki jere Lwazi, Kilti, ak
Relijyon Kominote a**



The Arc of Massachusetts
217 South Street
Waltham, MA 02453

tel. 781-891-6270
www.arcmass.org



LIKE NOU SOU FACEBOOK
facebook.com/thearcofmass



SUIV NOU SOU TWITTER
twitter.com/thearcofmass



JWENN NOU SOU
INSTAGRAM
instagram.com/thearcofmass

The Arc
Massachusetts

Pwojè sa a se yon patenarya ant
The Arc of Massachusetts ak
Depatman Sèvis Devlopman
Massachusetts la.

Tab de Matyè

Yon Nòt pou Ou, Lektè a	3
Entwodiksyon.....	4
05 An n Kòmanse ak Definisyon yo	
05 Kisa Nou Vle Di pa Wòl Ou?	
06 Bwat Istorik	
Kisa Enklizyon Ye? (ak sa li pa ye).....	8
09 Yon Nòt Enpòtan sou Spesyalizasyon	
10 Sis Prensip Sou Enklizyon	
11 Yon Istwa sou Enklizyon	
Chimen Ou Pou Rive nan Enklizyon	12
12 Kounye a, An n Kòmanse	
13 Istwa Korynn ak Daniel	
Obstak ak Repons pou Enklizyon	14
16 Pou Anplwaye yo	
20 Pou Manm Kominote yo	
24 Pou Tout Òganizasyon an	
Kontinye sou Chimen Ou Pou Rive nan Enklizyon	28
28 Yon Istwa sou Asimilasyon Potansyèl	
30 Istwa Jesse avèk Jamie ak Zanmi yo	
33 Istwa Norma ak Phoebe	
34 Bwat Istorik	
Chimen Ou Pa Fini Lè Ou Vin Manm	35
36 Istwa Sean ak Sean	
37 Amitye: An n Kòmanse	
38 Istwa Matthew ak Eric	
Obstak ak Repons nan Amitye	40
40 Pou Anplwaye Yo	
44 Pou Manm Kominote a	
48 Pou Tout Òganizasyon an	
Remak Final	52

YON ZANMI se yon moun ki konprann pase w, ki
kwè nan avni w, epi ki aksepte w jan w ye a.

- *Enkoni*

Yon Nòt pou Ou, Lektè a

Ou pran gid sa a, e nou kontan ou fè sa. Petèt tit la te atire ou, oswa ou fèk kòmanse entèrese ou ak tèm "enklizyon" an plis, oswa ou gen yon koneksyon pèsonèl ak yon moun ki gen yon andikap. Kèlkeswa rezon w, kounye a ke nou gen atansyon w, ou gen plis pouvwa pase nenpòt lòt moun pou fè yon enpak sou amitye ant moun ki gen andikap ak moun ki pa genyen yo. Plis pouvwa ak enfliyans pase fanmi yo, staf sipò yo, oswa menm CEO òganizasyon san bi likratif ki gen misyon pou sipòte moun ki gen andikap yo. Ou menm, kòm yon manm kominote a, ki ap travay oswa ki pote tèt li volontè nan òganizasyon lwazi, sivil, spòtif, relijye, anrichisan, byennèt oubyen kominotè yo, k ap travay ak manm kominote w la ou gen pouvwa sa a.

Ou se yon moun nan yon kominote ki gen yon koneksyon ak tout aspè nan tout lòt gwoup ou fè pati yo – legliz, pwofesyon, òganizasyon volontè, ekip spòtif, konsèy administratif, PTA, elatriye. Pou rezon sa a sèlman, ou se yon resous enpòtan, gras ak koneksyon ou te konstui nan kominote w la. Kòm rezilta, ou ka sèvi kòm yon anbasadè, k ap fè nouvo moun rankontre epi k ap kreye nouvo amitye.

Se sèlman ou ki ka fè entwodiksyon an pou kòmanse yon koneksyon ki ka mennen ak yon vrè relasyon oubyen amitye ki ka kòmanse fleri. Nou envite w pou w fè wwayaj sa a pou w aprann sou wòl ou nan kreyasyon kilti enklizif nan kominote w la, kote moun ki gen andikap ak moun ki pa andikap yo ka jwenn tout avantaj yon amitye ki dire lontan e ki otantik.

—Lisa Drennan



Entwodiksyon

Se yon reyalite tris pou nou konnen anpil moun santi yo byen poukont yo nan mond sa a: paran selibatè yo, moun ki fèk gradye nan inivèsite yo, moun ki pa gen kote pou yo rete yo, adolesan yo, moun ki nan mezon retrèt yo, vèf ak vèv yo. Sa ka difisil pou yon moun simonte, sitou nan yon sosyete kote patisipasyon nan kominote a ap diminye. Gen plizyè kote angajman volontè nan kominote a ap diminye, tankou nan legliz yo, nan klèb sivil yo, e menm nan lig bòlin yo.

Nou ka pa rann nou kont, men se yon verite sitou pou majorite moun ki gen andikap entèlektiyèl yo.

Poukisa yo poukont yo? Èske moun ki gen andikap yo pa gen moun ki pran swen yo? Bon, wi, pifò ladan yo genyen. Mete tèt ou nan plas yo: kòman lavi w t ap ye, si moun ki pi sousye de ou yo se moun yo *peye* pou pran swen w? Se pa menm bagay la. Nou tout vle moun sousye de nou tou senpleman paske nou se moun nou ye a. Kòman sa t ap ye si pa t gen pèsòn ki sousye de ou, jis paske se ou menm ou ye?

Nou reyalize gwoup sa a vilnerab anpil. Petèt yo antoure ak moun, men yo toujou santi yo poukont yo.

Men, kisa *ou* ka fè? Gid sa a adrese ak moun tankou ou, ki se anplwaye oswa manm aktif nan òganizasyon ki ofri opòtinite pou kominote ak apatenans yo atravè aktivite lwazi, angajman sivil, anrichisman kiltirèl, vwazinaj, oswa kominote relijye yo. Ou ka imajine, planifye, epi mete an pratik fason pou w rive jwenn epi akeyi moun ki gen andikap yo nan òganizasyon w ak nan mond ou, epi jwenn yon posiblite pou gen amitye ant moun ki gen andikap ak moun ki pa genyen yo.

Ou gen plis pouvwa ak enfliyans sou posiblite sa a pase komisyonè sèvis sosyal yo, plis pouvwa pase gouvènè yo, plis pouvwa pase pwòp fanmi moun sa yo. Pèsòn paka fòse apatenans ak amitye. Ou pa ka achte yo. Se sèlman ofri w ka ofri yo.

Nan gid sa a, n ap bay ide pratik, estratejik, ak taktik ou ka itilize pou akeyi moun ki gen andikap nan òganizasyon w ak nan lavi w. N ap diskite sou fason pou simonte baryè yo epi ede moun yo vin patisipan an konplè nan kominote yo. Finalman, n ap pran konesans nou pou aprann kijan pou envite moun ki vin manm parèy nou yo pou yo vin plis pase sa, pou yo vin **zanmi**.

Ou gen pouvwa sa a: pou fè yon gwo diferans nan lavi moun ak nan kominote yo.

An n Kòmanse ak Definisyon yo

ENKLIZYON: non; eta kote yon moun enkli; yon vrè santiman apatenans; li ka yon mwayen pou ede moun vin zanmi. Li mete moun ki gen andikap ak moun ki pa genyen yo ansanm.

AMITYE: non; eta kote yon moun zanmi ak yon lòt; yon vrè santiman amitye san fòse.

ANDIKAP: non; yon kondisyon fizik, mantal, kognitif, oswa devlopmantral ki kreye yon sitiyasyon kote yon moun bezwen sipò yon lòt pou l ka fè sèten travay oswa aksyon, oswa pou l patisipe nan aktivite nòmal lavi chak jou a.

LWAZI*: non; yon aktivite yo fè pou plezi, yo fè l volontèman, se pa yon bagay yo peye w pou w fè, li pa fè pati okenn kontra. Sa vle di, **bagay nou renmen fè yo**, epi, nan ti liv sa a, n ap itilize tèmsa a pou dekri nenpòt nan aktivite ki vin annapre yo.




* Yon nòt sou langaj, nou pral itilize tèmsa jeneral sa a "lwazi" nan tout liv la, pou reprezante tout aspè sa yo nan lavi kominotè a.

Kisa Nou Vle Di pa Wòl Ou?

Ou ap anseye yon kou fotografi kote Tom ak Bob se elèv (**desen A**). Tom gen andikap devlopmantral; Bob pa genyen. Tou lè de, Bob ak Tom, renmen mizik country ak peche. Ou prezante Bob bay Tom, sa ki fasilite yon koneksyon ki ka mennen nan yon amitye andeyò de klas la. (**desen B**) Ou okouran de yon Fèt Country k ap vini k ap chèche volontè pou ede jere tab aza a. Bob ak Tom pote yo volontè ansanm epi yo travay ansanm tou pou jwenn don nan men biznis lokal yo pou tab aza a. Pandan klas ou a ap apwoche fen sesyon an, ou remake ke Bob ak Tom ap rankontre pi souvan andeyò de klas la.

(**desen C**) Ou ka chanje lavi – amelyore lavi!



Bwat Istorik

Moun bezwen zanmi, yo bezwen santi yo fè pati yon gwoup, yo bezwen fè pati yon kominote. Kisa ki ta ka pi klè pase sa? Poukisa sa pa rive toutan?

Ebyen, gen yon istwa tris dèyè sa.


Nou menm antan ke èt imen, nou souvan mete distans ant "nou" ak "yo." Sa te rive gwoup rasyal, klas sosyal, ak popilasyon etranje nan prèske tout sosyete nan listwa, e se sèten ke sa vrè nan pwòp sosyete pa nou jodi a. Distans sa a pran fòm segregasyon, egzil, moun ki bati frontye, oswa (yon fason ki pi senp) mwens entèraksyon oubyen entèraksyon ki pa respwòk. Malerezman, sa te rive moun ki gen andikap entelektiyèl.

San ane oparavan, sa te vrèman ekstrèm, ak yon ideyoloji yo te rele eugenics, ki t ap domine pandan plizyè dizèn ane. Lide ki te dèyè ideyoloji sa se te ke yo te jije tout karakteristik enpòtan kay yon moun ereditè: entelijans, siksè pwobab, karaktè moral. Eugenicists yo te pwopoze, baze sou panse erone sa a, ke fason pou amelyore sosyete a se te asire ke moun ki gen "move jèn" yo pa t dwe fè pitit. Nan peyi Almay pandan Dezyèm Gè Mondyal la, lide sa a te mennen nan masak moun ki gen andikap yo. Nan pifò eta Ozetazini (ak plizyè lòt sosyete "avanse"), se menm lide sa a ki te rezon ki fè yo te sterilize plis pase dis mil moun ki gen andikap entelektiyèl ant 1907 ak 1970. Se te tou rezon prensipal ki te fè yo te mete plis pase san mil moun apa nan enstitisyon atravè Amerik la, pandan menm peryòd sa a.

Apati de ane 1970 yo, te gen yon gwo reyaksyon kont enstitisyon terib sa yo ki t ap dezimanize moun yo, e kounye a yo prèske disparèt. Moun ki gen andikap entelektiyèl yo ap viv kounye a ak fanmi yo oswa nan ti gwoup nan tout vil ak vilaj yo. Sa yo se te chanjman revolisyonè, e se te yon bagay ki trè bon pou nou tout.

Men, toujou gen anpil moun ki nan segregasyon an. Moun yo se *nan* kominote a, men sa pa toujou vle di yo fè pati de kominote a pou sa. Nou toujou souvan ajè kòm moun ki gen andikap entelektiyèl yo ta dwe "ansanm ak parèy yo," e nou wè atitid enkonfyan sa a ekspriye nan pwogram "espesyal" (ki an reyalyte se yon pwogram segregatif) nan aktivite lwazi, nan sèvis relijiye, ak nan anpil lekòl. Nou ka wè ti detay sa yo chak jou, tankou lè nou atann nou pou yo peye yon anplwaye pou li "pran swen" moun ki nan òganizasyon kominotè sa yo, olye pou yo ta akeyi yo kòm manm konplè, patisipan, e menm zanmi potansyèl.

Mantalite "ansanm ak parèy yo" sa a toujou la nan pifò kominote yo, pami anpil anplwaye k ap bay sèvis, e menm pami anpil moun ki gen andikap yo tou. Se pa yon bagay ki fèt ak move entansyon; an jeneral se san moun yo pa rann yo kont e menm san yo pa konnen. Men sa limite opòtinite moun yo genyen nan lavi. Gid sa a fèt pou simonte limitasyon sa a, ni nan tèt pa nou, ni nan kominote nou yo. Lè nou simonte limitasyon sa a, sa ap yon gwo benefis pa sèlman pou moun ki gen andikap entelektiyèl yo, men pou nou tout an jeneral.



Objektif lwazi se pa pou touye tan, men pou fè lavi a; se pa pou kenbe yon moun okipe, men pou kenbe li an fòm; se pa pou ofri yon mwayen pou chape anba lavi a, men pou pèmèt yon moun dekouvri lavi.

– Otè enkonni

Souvan, òganizasyon tankou pa w la se pi bon chemen posib pou jwenn yon amitye ki otantik.

Nou patisipe nan aktivite lwazi ak lòt moun akòz de enterè nou genyen an komen. Moun kreye lyen ak lòt moun baze sou enterè ak kwayans yo genyen an komen; se fondasyon sa a, platfòm sa a, ki sèvi kòm baz pou nou konstui.

Pami tout fason nou pase tan nou, aktivite lwazi yo se pi bon mwayen de baz pou konstui opòtinite ak fondasyon pou yon amitye.

Poukisa? An jeneral, anviwònman travay ak lekòl yo konsantre yo sou entèlijans, pwodiktivite, ak mezi, sa ki kreye separasyon ak etikèt. Lwazi fèt pou moun pran plezi.

Tout moun gen kapasite pou pran plezi, santi plezi, epi fè eksperyans plezi. Se sa moun **chwazi** fè ak tan yo; se la moun **vle** pase tan yo.

Kominote ak apatenans: poukisa yo pa rive fèt toutan? Yo te toujou ap met moun ki gen andikap yo apa nan listwa. Konpòtman sa a antre nan fason nou tout panse sou kijan lwazi ta dwe ye, nou sipoze ke moun ki gen andikap ak moun ki pa genyen yo ap separe. Anplis de sa, moun ki gen andikap ak anplwaye yo kwè ke gen pwogram ki fèt espesyal pou yo e se la yo te tradisyonèlman patisipe. Kòm rezilta, menm ou menm oswa kominote nou an an jeneral te sipoze ke "moun sa yo" te patisipe ak "parèy yo". Espesyal prèske toujou vle di apa.

Objektif gid sa a se pou elimine panse otomatik sa a ak minizasyon li kreye a.

ENKLIZYON se pa yon strateji pou ede moun adapte yo avèk sistèm ak strikti ki egziste nan sosyete nou yo; se pou transfòme sistèm ak estrikti sa yo pou rann yo pi bon pou tout moun.

– Diane Richler,
Ansyen Prezidan,
Inclusion
International.

Kisa Enklizyon ye? (ak sa li pa ye)

Tablo sa a montre nou diferan fason moun ki gen andikap yo ka patisipe nan aktivite lwazi, aktivite anrichisan oswa aktivite relijiye yo ansanm ak kanmarad yo ki pa gen andikap yo.



Sous: Metòd Patipasyon, MERGE Inclusion Consulting: www.mergeconsulting.org

Yon Nòt Enpòtan sou Spesyalizasyon

Pafwa, li ka nesesè pou ofri espesyalizasyon nan yon pwogram enklizif pou fasilite patisipasyon yon moun, yon fason pou li kapab santi li nan plas li. Sa pa vle di ni eksklizyon, ni yon gwoup apa ("espesyal"). Yo kreye sipò espesyalize yo pandan yo ap akomode epi adapte lè sa nesesè. Sa vle di, prensip gid nou an ta dwe pou nou toujou ini, pa janm apa! Men yon egzanp ki montre kijan yo aplike prensip sa a nan yon kan dete.

Jack Yates, Chak Chipmunk se yon Kavalye

Kan Nassau Ben Becker la, ki toupre Albany, nan New York, se te yon kan abityèl kote timoun pase jounen an nan plizyè fason. Anviwon twa san patisipan te vini chak jou, epi yo te òganize yo an gwoup selon laj yo. Tigason ki gen dis an yo se te Woodchucks yo; tifi ki gen nèf an yo se te Dolphins yo; tifi ki gen douz an yo se te Chipmunks yo. Pandan jounen an, gwoup yo te patisipe nan aktivite abityèl yon kan lajounen: naje, monte ti kanòt, atizana, konèsans sou lanati, monte cheval, ak lòt bagay ankò.

Epoutan, te gen yon bagay nan kan an ki pa t abityèl ditou. Pwopriyete ak direktè li a, Ben Becker, te deside ke sa t ap yon bon eksperyans aprantisaj pou tout moun si li te rekrute patisipan ki te timoun ki gen andikap fizik oswa entelektyèl. Chak semèn, li te asire li ke 5 a 10% nan patisipan yo se te timoun ki gen andikap, e li te menm bay bous detid lè sa te nesesè pou l te asire sa. Konsa, lè gwoup Chipmunks lan t al monte cheval, se pa tout timoun nan Chipmunks yo ki te ka jis vole sou yon cheval epi kouri li; e se pa tout timoun nan Chipmunks yo ki te ka aprann osi vit oswa osi fasil ke lòt yo.

Pa egzanp, nan gwoup trant Chipmunks yo, te gen yon tifi ki te avèg. Lè li t al monte cheval ak Chipmunks yo, yon lòt tifi te monte sou yon cheval bò kote l, pou ba li enstriksyon ak ankourajman. Youn nan lòt Chipmunks yo se te yon tifi ki te gen yon andikap entelektyèl ak paralizi serebral, e li te yon jan pòk, sitou sou yon bò nan kò l. Kidonk, lè li t ap monte cheval ak Chipmunks yo, li te gen yon senti sekirite ki pi sekirize ansanm ak yon lòt tifi ki t ap rete bò kote l sou yon lòt cheval, epi pafwa lè li ap pran yon koube, youn nan konseye yo te konn kouri bò kot cheval la, tankou yon moun k ap siveye nan jimnastik. Yon lòt Chipmunk se te yon tifi ki pa t ka sèvi ak janm li byen. Konsa, lè li t ap monte cheval ak Chipmunks yo, youn nan tifi ki pi gran yo ki te deja yon bon kavalye te konn monte dèyè l nan sèl la, epi kenbe zepòl li pou asire ke li te rete sou cheval la.

Nou menm vizite sèvis sosyal yo te vrèman enpresyone pa kan Ben Becker la, men se sèlman lè nou te gade dèyè nou reyalize ke kan li a te fonksyone sou yon règ—chak tifi ki gen douz an se yon Chipmunk, e chak Chipmunk se yon moun ki monte cheval. Menm si yo pa t deklare sa kòm yon règ, se te prensip ki te gide kan an.

Nan "ansyen move tan yo," sèvis sosyal yo te fonksyone sou yon règ ki te di gen moun ki fèt pou monte cheval, e gen moun ki pa fèt pou sa. Se yon wont, tout bon, paske monte cheval se yon bèl eksperyans, men gen moun ki tou senpleman pa gen sa nan yo pou yo ka monte cheval. Men kounya, nan sèvis nou yo jounen jodia a, nan yon epòk ki pi pwogresis, pifò pwogram gen yon règ ki pi eklere. Nou gen gwo atant sou tout patisipan nan kan nou an, e règ nou kounye a se ke chak Chipmunk ap vin yon moun k ap monte cheval yon jou. Pandan tan sa a, n ap anboche pi bon pwofesè yo ak cheval ki pi dou yo pou gwoup "espesyal" nou an ki gen avni antan ke moun k ap monte cheval, n ap travay avèk yo avèk pasyans ak anpil entansite jiskaske, yon jou (nou konnen sa ap rive!), y ap kapab vin moun k ap monte cheval antan ke manm Chipmunks yo.

Sa pa sonnen twò mal. Men nan kan Ben Becker la, yo te gen yon lòt règ – chak tifi ki gen douz an se yon Chipmunk, e chak Chipmunk se yon kavalye. Sa k varye a se **pa** kiyès ki kavalye e kiyès ki pa kavalye; **chak** Chipmunk se yon kavalye. E sa k varye a se pa kilè yon moun pral vin yon kavalye; chak Chipmunk se yon kavalye, kounye a, **jodi a**. Sèl bagay ki varye se ki kalite èd yon moun bezwen pou l ka rete sou chwal la.

Sis Prensip Sou Enklizyon

Enklizyon se **pa** yon pwogram, se **pa** yon manm pèsònèl, e se **pa** yon evènman. Enklizyon se travay **entansyonèl** yon òganizasyon angaje l pou l fè pou asire ke **tout moun** santi yo enkli. Lè yon òganizasyon angaje l pou l kreye yon kilti enklizyon, li fè chanjman sistèmik ki prepare òganizasyon an pou l akeyi, angaje, epi sipòte moun ki gen andikap yo pou yo ka vin patisipan ki gen valè nan kominote yo a. Aksepte sis Prensip Enklizyon sa yo se fondasyon pou kreye yon kilti enklizyon nan òganizasyon lwazi, kiltirèl, oswa sivil ou a.



ANGAJMAN ÒGANIZASYON

TOUT moun ki konsène yo gen responsablite ak wòl yo nan enklizyon an.

Resous ak sipò yo bay nan TOUT nivo pou yo ka akonpli wòl yo nan enklizyon.



PATISIPASYON ENPÒTAN

Fokis la se pa sèlman sou fizik, mete atansyon an sou kreye yon anviwònman kote tout moun ap patisipe ansanm pito.

Se konpreyansyon ke tout moun gen yon bagay spesyal pou yo kontribye.



KONPRANN TOUT MOUN

Nou chanje sistèm yo pou sipòte moun nan lè nou fè aranjman ak adaptasyon endividyèl.

Nou konprann ke siksè se yon bagay ki endividyèl e ke li ka diferan pou diferan aktivite.



TRAVAY POU YON ENKLIZYON TOTAL

Sa vle di sipòte yon moun pou l vin endepandan otan ke posib nan anviwònman ki pi pa restren an.

Pwogram adaptatif oswa espesyalize yo sèvi kòm yon pòtay ki ouvè sou yon enklizyon total, se pa fen chemen an.



AN N RIVE JWENN SIKSÈ!

Yon chanjman nan pèspektiv oswa apwòch kote, lè nou jwenn yon defi, olye nou di "non, nou pa kapab", nou di "kijan nou ka" fè sa?

Sèvi ak tout resous ki disponib pou eksplòre kijan nou ka rive jwenn "WI".



TOUT MOUN GEN DWA ENKLIZYON

Pou yo akeyi yo, angaje yo epi sipòte yo – gen anpil rezon ak benefis pou w louvri pòt ou pou TOUT kalite divèsite.

ADA a asire li ke moun ki gen andikap yo gen yon dwa legal pou yo patisipe.

Sous: *Sis Prensip Enklizyon*, MERGE Inclusion Consulting: www.mergeconsulting.org

Yon Istwa sou Enklizyon

Yon pwogram lwazi nan yon vil gen plizyè ane depi l ap ofri pwogram "Lwazi Espesyal" tankou "Naje pou Otis" ak yon "Lig Baskèt ki Jwe ak De" ki te fèt espesyalman pou moun ki gen andikap. Sa vle di, yo te mete yo apa. Dènyèman, sou demann manm fanmi ki t ap chèche pou pitit yo patisipe nan aktivite bò kote lòt jèn nan kominote a, ekip lidèchip la te kòmanse eksplòre fason pou yo ka pi enklizif nan tout pwogram yo. Aprè yo fin patisipe nan yon sesyon konferans sou fason pou konstui yon pwogram lwazi enklizif, ekip lidèchip yo a te kòmanse pwosesis pou mete sou pye inisyativ yo a epi planifye kijan yo t ap ede òganizasyon yo an avanse nan direksyon yon kilti enklizif otantik.

Kounye a, pwogram yo an ap fè pwogrè tikal pa tikal sou wout enklizyon yo a. Yo te travay pou fòme tout anplwaye yo sou prensip ak teknik enklizyon epi yo te aplike strateji yo te rekòmande yo. Yo te travay tou pou modifye langaj ak imaj maketing yo ansanm ak dokiman yo gen sou entènèt la pou enfòme moun sou inisyativ enklizyon yo pran an, pou montre tout dimansyon divèsite yo yon fason ki egzak, epi pou bay fanmi yo enfòmasyon sou fason pou yo jwenn aksè ak sèvis enklizif yo. Youn nan pwochen etap yo se anboche yon Espesyalis Enklizyon. Pozisyon sa a pral sèvi kòm yon wòl sipò pou bay resous, fòmasyon ak enstriksyon; li pral travay pou edike tout anplwaye nan pwogram nan.

Yo fyè de jan yo rive lwen sou chemen sa a, men yo konnen ke yo gen plis wout pou yo fè toujou.



? An n panse...

Kòman enklizyon an parèt nan anviwònman w lan?

Ki kote w ye nan vwayaj enklizyon w lan?

Si w kwè nan enklizyon, ou fè l mache – kite nou montre w kijan.



Ou ka jwenn èd nan pwosesis pou pèsonalize pratik sa yo pou adapte ak pwogram ou.

Vizite mergeconsulting.org pou plis enfòmasyon.

Chimen Ou Pou Rive nan Enklizyon

KOUNYE A, AN N KÒMANSE

Ou prèske pa ka rive nan **amitye** san ou pa pase pa chemen **enklizyon** an anvan. Anpil òganizasyon fè enklizyon tounen yon priyorite, e gen anpil chans pou yo te rankontre kèk obstak sou wout la. An reyalyte, genyen baryè komen òganizasyon lwazi ak kominotè yo te rankontre. Genyen tou meyè pratik moun abitye konprann ki depase tout pwogram, e gen kèk ladan yo ki ka gen rapò avèk ou. Lè nou pataje obstak sa yo ak meyè pratik sa yo, nou ka bay kontèks sou fason lòt moun te enkli moun ki gen andikap epi ede yo konstui amitye.

Nou envite w fè vwayaj sa a sou chemen enklizyon an kote n ap montre w gen pratik ke moun ak òganizasyon yo jwenn ki efikas pou simonte obstak sa yo.

Pandan w ap navige nan paj sa yo, sonje ke sa a se yon gid ki gen sigjesyon (se pa pou di w sa pou w fè oswa pou w ranpli yon lis; se plis sou objektif ou yo ak mouvman w ap fè pou w atenn yo). W ap bezwen pèsonalize yo pou yo ka tounen zouti ak resous efikas pou ou, ekip ou a, ak òganizasyon w lan adopte epi mete an pratik. Sou wout ou a, pran tan pou w kanpe kote ki touche w yo epi kontinye tounen sou yo pandan w ap kontinye pwòp vwayaj pa w pou kreye yon kilti enklizyon nan pwogram kominotè w la. Sa vle di, si objektif final ou se ede moun ki gen andikap ak moun ki pa genyen yo kreye amitye, seksyon sa a se pi bon rekòmandasyon posib pou atenn objektif sa a.

KOUNYE A OU PRÈ POU W KÒMANSE CHIMEN OU POU RIVE NAN ENKLIZYON



Enklizyon vle di AK, pa sèlman NAN.

Istwa Korynn ak Daniel

Vin rankontre Korynn ak Daniel ki soti Middleboro, Massachusetts. Yo te rankontre lè yo t ap fè uityèm ane e yo te konprann touswit ke yo te renmen lè yo ansanm. Aprè sa, yo te vin ap chante nan menm koral la ansanm epi yo te konn patisipe nan kous atletik ansanm aprè lekòl. Se la amitye yo a te vrèman kòmanse fleri. Lè yo te konn ap pratike ansanm epi ankouraje youn lòt, yo te gen yon sòt de lyen antan ke patisipan nan yon bagay ke yo tou lè de te renmen, sa te vrèman ede yo ranfòse amitye yo a. Byen vit, yo te kòmanse rankontre an deyò de lekòl, epi tankou tout adolesan, yo te toujou konn ap ekri youn lòt, epi yo te vin tounen ekspè nan fè "selfie", kote yo te kaptire tout plezi ak souvni yo.

Korynn esplike sa sa vle di pou li pou l gen Daniel antan ke zanmi: "Lè m wè Daniel se pi bèl moman nan jounen m. Nou ri, nou pale epi nou pran anpil plezi. Se yon bagay mwen pote avè m pou rès jounen an." Li ajoute, "Lè m gen yon bon nouvèl, li se premye moun mwen vle di l; lè m tris pou yon bagay, li se premye moun mwen vle pale."

Daniel rekonesan menm jan an tou pou amitye li genyen ak Korynn: "Li renmen m, e mwen renmen l. Mwen santi m kontan lè nou ansanm; nou toujou ap ri".

Yon siy de yon gwo amitye se lè lyen an kontinye an deyò de aktivite ki te planifye yo, pi lwen pase kanmarad lekòl ak patizan ki nan menm ekip. Nan mwa Mas 2020, lè pandemi COVID-19 la te frape, sa ki te lakoz lekòl ak lòt aktivite yo fèmen, epi tou yo te rann distans fizik obligatwa, Korynn ak Daniel te montre yo kreyatif sou fason yo te kontinye koneksyon sosyal ak amitye yo. Yo t ap pataje videyo, voye mesaj, ak fè apèl sou Zoom, sa te vin tounen yon fason pou yo rete konekte chak jou, men Daniel te vrèman monte nivo a pou yon okazyon espesyal epi li te planifye yon "drive-by," avèk blad, mizik, ak bèl swè pou Korynn pandan yo te kenbe distans fizik yo.

Aprè yon ti tan, lè restriksyon Covid-19 yo te vin leve, Korynn ta pral gen lisans li, sa ki pral ba yo plis opsyon pou yo rankontre. Li pa t ka tann pou l al manje deyò oswa al nan sinema ak Daniel epi lè yo te mande l kisa li ta renmen fè an premye, repons Daniel se te "Ale nan plaj!"





KÒMANSE LA

Sou Chimen Ou Pou Rive nan Enklizyon

Ou ap vwayaje sou chimen ou pou rive nan enklizyon.


Gen kèk moun k ap li gid sa a ki ka fèk dekouvri konsèp enklizyon an, tandiske gen lòt ki ka gen kèk konesans ak eksperyans deja men ki ap chèche elaji konesans yo epi amelyore pratik yo.

Kèlkeswa kote w ye nan espas "kòmanse la" w la, gen anpil chans pou w swa deja fè fas oswa w ap fè fas ak obstak oswa difikilte. Gen kèk nan obstak sa yo se anplwaye k ap sipòte pwogram yo dirèkteman ki ka fè fas avèk yo, moun ki gen andikap k ap chèche patisipe oswa fanmi yo, oswa administrasyon an oswa òganizasyon w lan an jeneral. An jeneral, obstak yo tonbe nan twa kategori: obstak lojistik, obstak politik, oswa obstak mantal.

N ap gade obstak sa yo sou diferan ang, nou pral diferansye yo selon kiyès yo afekte dirèkteman (anplwaye, moun/fanmi, administrasyon/òganizasyon). Lè nou pataje avèk nou obstak sa yo ak meyè pratik yo, nou ka ba nou kèk fason konkrè lòt moun itilize pou yo simonte obstak sa yo, pou yo enkli moun ki gen andikap, epi pou yo ede moun ki gen andikap bati nouvo amitye.

Menm jan ak nenpòt sik kwasans, chimen pou rive nan enklizyon pa janm fini. Ou rankontre obstak, ou aprann, ou grandi, ou simonte yo, epi aprè sa ou pran yon ti souf epi ou konnen se pa la travay ou fini. Li toujou ap evolue ak nouvo obstak ki fèk parèt oswa obstak ki te la deja. Pandan inisyatif enklizyon w lan ap vin pi solid, w ap pozisyone tèt ou ak pwogram ou yo pou ede kreye baz yon vrè amitye ant yon moun ki gen andikap ak yon moun ki pa genyen.

An n kòmanse sou chimen sa a.



Obstak Anplwaye* yo Rankontre

Nou rekonèt gen difikilte anplwaye ki gen responsablite pou jere pwogram oswa sèvis pou kominote nou an ap rankontre, oswa pral rankontre. An jeneral, obstak yo klase nan kategori ki ka prezante antan ke oswa ki ka rezoud pa:

POLITIK

MANTALITE

LOJISTIK

**Tèm "anplwaye" a ka refere a konseye, antrenè, volontè, enstriktè, oswa nenpòt moun ki enplike dirèkteman nan jesyon pwogram oswa sèvis epi ki an kontak tou ak manm kominote a.*

MANK EKSPERYANS ANPLWAYE YO

Mank fòmasyon anplwaye yo; moun ki san eksperyans ki pa santi yo an konfyans pou travay ak moun ki gen andikap yo.

"E si yo gen yon konpòtman difisil? Mwen pa konnen kijan pou m jere sa."

MAL ENFÒME/ RENMEN REJTE

Anplwaye pwogram yo gen move pèsèpsyon sou sa enkli moun ki gen andikap yo ye, oubyen yo gen yon panse negatif sou sa.

"Se yon pwoblèm sekirite; nou pa dwe mete tout pwogram nan an danje"

"Nou toujou fè pwogram nan konsa. Si nou fè yon chanjman, l ap twò difisil pou tout moun."

ZOUTI YO PA ITILIZE

Zouti tankou kit sansoryèl, jwèt pou jwe ak dwèt ou ki retire stès, konsèy, oswa fèy enstriksyon ki disponib pou anplwaye yo men yo pa itilize yo.

"Mwen pa vrèman wè kijan jwèt sa yo pral ede nan sitiyaasyon sa a."

"Mwen pa t konnen fèy enfòmasyon sou fason pou jere timoun ki gen otis la te la. Mwen pa t janm wè l anvan sa"

MANTALITE ANPLWAYE YO LÈ YO SANTI YO PA KALIFYE

Kijan yon anplwaye wè kapasite li genyen pou l enkli, epi travay ak, moun ki gen andikap.

"Mwen poko janm travay ak timoun konsa."

"Kòman m ka kominike ak yon moun mwen pa ka konprann?"

"Mwen pa gen fòmasyon oswa eksperyans pou m dirije pwogram sa a."

MAL KONPRANN ENKLIZYON

Anplwaye yo, volontè yo, ak tout moun ki enplike nan pwogram nan pa konprann sa enklizyon vrèman ye epi yo santi efò yo fè pou ofri yon kou espesyalize (ki an reyalyte vle di apa) sifi.

"Nou se yon òganizasyon enklizif; nou gen yon pwogram naje pou moun ki gen bezwen espesyal."

ATANT KI PA KLÈ

Anplwaye pwogram yo pa okouran ke òganizasyon yo a enklizif pou moun ki gen andikap epi yo pa kwè se yon pati nan responsablite travay yo.

"Yo pa t di m nan entèvyou travay la ke m t ap gen pou m travay ak timoun ki gen bezwen espesyal, epi sa pa nan deskripsyon pòs la."

MOVE MANTALITE ANPLWAYE YO SOU WÒL YO

Atitud yon anplwaye ka limite tèt li konsènan wòl li ak responsablite li.

"Se konsa nou toujou fè l; nou pa ka fè chanjman sa yo pou sèl timoun sa a."

"Chèche konprann tout bagay sa yo pran twòp tan. Nou pa spesyalis nan konpòtman."

"Sa mande twòp travay. Èske pa ta dwe gen yon pwogram espesyal pou yo?"

TWÒP DEPANDANS SOU ANPLWAYE ENKLIZYON AN

Yon pwogram genyen yon anplwaye enklizyon yo chwazi oswa yon moun nan ekip la ki gen eksperyans nan edikasyon espesyal. Tout lòt ekip yo pa wè nesesite pou yo aprann kijan pou yo travay ak "timoun sa yo."

"Se ekip enkliyon an ki pou okipe yo; nou menm, n ap konsantre nou sou timoun 'nòmal' yo sèlman."

"Sa mande twòp travay. Èske pa ta dwe gen yon pwogram espesyal pou yo?"

Simonte Obstak yo: Repons pou Sipòte Anplwaye yo

Eksplòre konsèy ak estrateji sa yo pou bay ekip pwogram yo zouti ak konfyans pou yo ka akeyi, sipòte, epi angaje moun ki gen andikap yo nan pwogram oswa sèvis yo ofri yo.

KREYE PATENARYA

Kolabore ak òganizasyon ki angaje nan enklizyon moun ki gen andikap (The Arc, ajans sèvis sosyal, elatriye).

RESPEKTE POLITIK KI GEN RAPÒ AK ENKLIZYON YO

Mete an aplikasyon politik pou asire tout anplwaye yo respekte angajman ak mezi enklizyon yo, ranplase anplwaye yo si sa nesesè (pa egzanp, ofri fòmasyon espesyalize, mete sa nan pwosesis evalyasyon an, enplikasyon Resous Imen).

ENVITE ANPLWAYE YO POU YO PATISIPE

Lè w envite anplwaye yo patisipe nan yon evènman oswa yon pwogram enklizyon ki deja egziste, sa ka ede yo pran konfyans epi ranfòse l. Ankouraje efò yo. Lè yo wè enklizyon an aksyon, yo wè li posib.

METE AN PLAS PWOSEDI POU PWOVOKE KRITIK

Akeyi lide pou gade fason/politik pou amelyore enklizyon (pa egzanp, pwosesis admisyon an, evalye fason vizit yo fèt).

KREYE YON KONSÈY KONSILTATIF POU ENKLIZYON POU ÒGANIZASYON W LAN

Asire ketout tip anplwaye reprezante epi patisipe antan ke manm.

METE ATANT KI KLÈ POU ANPLWAYE YO

Mete atant yo klè nan deskripsyon travay ou, nan entèvyou a, nan pwosesis entegrasyon an (spesifik pou wòl sa a), ak nan pwosesis evalyasyon an. Sa pèmèt ou anboche anplwaye ki gen lespri ouvè, konsa w ap bati yon fondasyon pou yon kilti enklizyon.

OFRI FÒMASYON ENKLIZYON KI PÈSONALIZE E DIRAB

Konsantre sou strateji ak prensip pou andikap. Fòk yo ofri fòmasyon sa yo pou tout tip anplwaye, dapre wòl ak responsablite yo. Pou yo pi efikas, fòk yo mete gwo aksan sou aplikasyon strateji yo pou yo ka vin fè pati pwosedi yo, sa ki bati endepandans ak yon kilti.

METE ATANT POU PATISIPASYON NAN SÈVIS OU OFRI YO

Evalye avèk prekosyon avantaj ak dezavantaj adaptasyon ak modifikasyon yo pou ede tout moun kapab patisipe egal ego.

METE AN PLAS STRATEJI POU TOUT PWOGRAM NAN

Idantifye epi bay tout anplwaye yo fòmasyon sou teknik ak strateji tankou itilizasyon yon orè vizyèl oswa revizyon atant yo.

KREYE PWOGRAM POU TOUT GWOUPE LAJ

Kòmanse ak pi jèn yo: pou w wè benefis yo epi etabli atant yo pandan kantite manm yo ap ogmante chak ane.

METE AN PRATIK SA W PRECHE A

Bay yon bon egzanp se tout bagay. Èske w ap anboche yon tout tip anplwaye?

Èske w fè efò pou w akeyi, anboche, epi sipòte anplwaye ki gen andikap?

REKONÈT CHAMPYON OU YO

Ki moun nan ekip la ki konprann epi pratike enklizyon yon fason ki natirèl? Selebri yo, itilize egzanp yo kòm modèl, epi fè yo fòme epi sipòte lòt moun nan ekip ou a.

Obstak Manm Kominote* yo Rankontre Lè y ap Patisipe nan (oswa Lè y ap Chèche Patisipe nan) Pwogram yo

Nou rekonèt gen obstak ki pi difisil pou yon moun ki gen andikap ak manm fanmi li ak rezo sipò li a, pandan y ap chèche jwenn aksè nan pwogram yo. Epoutan, manm ki pa gen andikap yo ak/oswa fanmi yo ka fè eksperyans oswa kreye obstak tou.

An jeneral, obstak yo klase nan kategori ki ka prezante antan ke oswa ki ka rezoud pa:

POLITIK, MANTALITE, LOJISTIK

**Tèm "MANM KOMINOTE YO" a ka gen ladan l moun ki gen andikap ak moun ki pa genyen ki patisipe nan pwogram yo, ansanm ak manm fanmi yo ak/oswa pwofesyonèl ki bayo sipò dirèk*

PÈ PALE

Si manm fanmi yo pè pou yo pa aksepte pitit yo nan yon pwogram oswa yo pè pou yo pa minimize yo, yo ka chwazi pa bay enfòmasyon enpòtan sou yo pou evite sa. Poutan yo pa reyalize ke sa ka pi danjere pou manm fanmi yo lè yo pa pataje enfòmasyon nesèsè sa yo ak anplwaye yo.

"Si m ta di yo ke pafwa li konn santi l akable epi li konn fè kriz, yo ka pa aksepte l nan pwogram nan. L ap pi bon si mwen jis fè l antre, epi si gen yon bagay ki vin pase aprè, n ap jere sa."

PA GEN PWOGRAM ENKLIZIF NAN ZÒN NAN

Lè pa gen ase pwogram enklizif, souvan manm fanmi yo oblije vwayaje al nan lòt vil kote ki genyen yo. Distans sa a kreye obstak ki anpeche yo konekte ak lòt manm nan kominote a.

"Nou te oblije vwayaje plis pase inèdtan pou n jwenn yon kan enklizif, men malgre sa li te toujou santi l tankou yon etranje paske li pa t konnen okenn nan lòt timoun yo."

LAPERÈZ LIMITE PWOGRÈ AK DEVLOPMAN

Gen kèk manm nan fanmi an ki ka kwè nan pwogram spesyal yo sèlman. Yo ka te gen yon move eksperyans nan pase yo oswa yo jis pa ka "imajine" yon manm fanmi yo ki reyisi nan yon modèl ki totalman enklizif.

"Li renmen bagay ki robotize e li t ap bon anpil si li te ka patisipe nan kan sa a, men mwen pa ka mete pitit gason m nan nan yon pwogram klasik. E si yo vin ap fawouche l oubyen li pa ka entegre ak lòt yo?"

PRI A TWÒ WO

Kit se yon enpresyon oswa reyalite a, manm fanmi yo ap toujou rale kò yo si pri a twò wo.

“Si manm fanmi m nan bezwen yon èd anplis nan pwogram sa a, pri a ap twò wo oswa y ap mande m pou m pran yon spesyalis endividye pou li, ke nou pap gen mwayen pou nou peye.”

SPÒ KI KONPETITIF YO

Òganizasyon ki baze sou spò yo ka konpetitif nan fason yo òganize yo, yo pa tolere defèt.

“Mwen te konn jwe nan lig sa a lè m te pi jèn epi men kounye a mwen se yon antrenè. Sa te toujou konsa; moun yo pap aksepte chanje sistèm nan pou yo kite timoun ki gen andikap yo antre a.”

FANMI YO PA SANTI YO BYENVINI

Materyèl maketing ou yo oswa rezo sosyo ou yo pa endike ke moun ki gen andikap yo byenvini, oswa se pa tout moun nan ekip la ki okouran de inisyativ enklizyon w lan e yo ka bay move enfòmasyon bay fanmi ki entere yo.

“Lè mwen t ap gade sou sit nou an, mwen pa t wè okenn kote nou te di ke pitit fi m nan ki gen sendwom Down lan te ka patisipe, aprè sa lè m te pase nan biwo nou yo, moun ki nan resepsyon an te di li pa kwè ke gen pwogram konsa.”

OBJEKSYON KÈK MANM FÈ

Manm nan òganizasyon w lan ki pa gen andikap (ak/oswa fanmi yo) ka opoze, poze kesyon, oswa pote plent sou lòt moun ki gen andikap k ap patisipe bò kote yo.

“Poukisa timoun sa yo jwenn plis privilèj?”

“E si yo agresif oswa yo gen move konpòtman? Yo ka fè pitit mwen an mal.”

“Lè l nan klas la, pwofesè a pral oblije plede ralanti de tanzantan pou l ka ba li atansyon espesyal e sa ka gate eksperyans lan pou nou tout ki nan klas la.”

FANMI YO AK PWOGRAMNAN PA GEN MENM ATANT

Ka gen obstak ki vin parèt pi devan lè atant yo pa fin klè ant manm kominote yo ak pwogram nan. Klète ak suivi enpòtan pou kenbe yon bon kominikasyon ak konstui yon ekip.

“Nou te dwe mande paran yo pou yo revize orè a avè l anvan yo vini nan kan an chak jou.”

“Jis paske li te frape youn nan anplwaye yo pa vle di li pa ka ale nan sòti skolè a pou sa.”

“Antan ke yon pwofesyonèl sipò endividye, mwen ka jis kite Janice la pandan kou Zoumba li a epi mwen al regle afè pèsònèl mwen.”

Simonte Obstak yo: Repons pou Sipòte Manm Kominote a K ap Patisipe yo ak Fanmi yo

Eksplòre konsèy ak strateji sa yo pou bay moun ki gen andikap yo ak fanmi yo yon anviwònman ki akeyan e ki bay sipò kote yo ka jwenn opòtinite ki ka ede yo vin tounen manm kominote a ki gen valè.

Rekonèt ke manm ki pa gen andikap yo ak fanmi yo gen yon wòl kle nan kreye yon kilti enklizyon.

METE AN PLAS YON BON PWOSESIS AKÈY

Premye etap sa a enpòtan anpil pou konstui yon apwòch "travay an ekip" epi pou konnen kisa ki ka pi bon sipò pou moun sa a.

KONSTUI SIPÒ ANT MANM YO

Si yon nouvo manm oswa fanmi li rankontre yon difikilte, mete li an kontak ak yon moun ki reyisi deja. Ou ka fè aranjman sa a davans, oswa lè sitiyasyon an rive, kote yon lòt fanmi ap ka ba yo bon jan konsèy.

KREYE YON KILTI KOTE MOUN AP PRAN RISK (AN SEKIRITE)

Ankouraje moun fè eksperyans oswa eseye nouvo apwòch epi suiv sa ki ap pase! Devlopman atravè enklizyon souvan fèt lantman epi sa mande pasyans pou tout moun ki enplike. Konsidere nenpòt ti pwogrè tankou yon viktwa!

KREYE ARANJMAN POU TOUT MOUN

Travay ak moun ki gen andikap yo ansanm ak moun k ap sipòte yo pou idantifye epi mete an plas yon aranjman rezonab ki asire yon patisipasyon ki reyisi.

KREYE YON KOMITE KONSILTATIF POU ENKLIZYON

Asire w ke moun ki gen andikap ak moun ki pa genyen yo, ak tout fanmi yo, reprezante epi patisipe antan ke manm.

ANKOURAJE APRENTISAJ KI EFIKAS

Bay patisipan yo, manm fanmi yo, ak moun k ap okipe yo opòtinite pou yo fè tande vwa yo, se yon fason efikas pou konprann difikilte ak avantaj ki genyen nan enklizyon. Repwodui epi imite pratik sa a epi toujou aji ak yon bon kè pou lòt moun. Lè w devlope yon fason ki fasil pou manm yo ekspriye yo, sa ka ankouraje yon apwòch an ekip pou rezoud konfli epi selebre reyisit yo.

OFRI EPI ANKOURAJE YON PATISIPASYON PWOGRESIF*

(GADE P. 8 LA)

Mete pwogram an plas pou ankouraje plis endepandans pandan w ap kontinye travay pou w rive nan yon enklizyon total. Mande fanmi/endividi ki reyisi yo pou yo pataje istwa yo.

FIKSE ATANT MANM YO

Mete an plas pwosedi pou jere move konpòtman lòt manm yo. Pwosesis sa a enplike edikasyon, règleman, ak pwosedi.

ANTRE NAN EKIP YO POU REZOUZ PWOBLEM YO ANSANM

Konstui yon bon relasyon ak fanmi yo oubyen ak ekip sipò yo pou ogmante konfyans. Kontakte yo pou w ba yo sigjesyon ak apwòch ki pral ede yon moun reyisi nan pwogram ou an.

Obstak Direksyon Pwogram nan, Administrasyon an oswa Tout Òganizasyon w Rankontre

Nou rekonèt ke gen obstak ke pèsonèl administratif la, ekip direksyon yo, manm konsèy la, ak lòt manm kominote a ka rankontre

MAL KONPRANN ENPLIKASYON FINANSYE YO

Souvan, lide pou angaje nan enklizyon fè yon òganizasyon pè sou konbyen sa sa ka koute.

“Si nou ouvri pòt pou tout kalite andikap, n ap oblije bay swen youn pa youn e nou pa ekipe pou sa”

“Nou pa gen spesyalis pou jere timoun sa yo e nou pa gen mwayen pou nou resevwa yo”

MAKETING AK PWOMOSYON KI REFLETE PRENSIP ENKLIZYON YO

Enpresizyon oswa erè nan maketing ak pwomosyon repouse kominote moun ki gen andikap yo e/oswa sa lakoz yo pote plent. Sa gen ladan l itilizasyon tèm ki pa apwopriye nan pòs sou rezo sosyo yo ak foto oswa imaj ki pa otantik. Yo met plis sansasyon nan istwa patisipan ki nan pwogram pou moun ki andikape yo oswa yo itilize yo kòm "inspiration porn", sa vle di yo prezante moun ki gen andikap yo antan ke moun ki la pou bay enspirasyon, akòz de andikap yo.

“Antan ke yon manm konsèy administrasyon an, mwen fyè pou m pataje ak kòlèg mwen yo ke òganizasyon sa a pèmèt 'moun otis' ak lòt 'moun ki gen pwoblèm mantal' vin manm.”

SA POU W FÈ SI GEN TWÒP MOUN KI ENSKRI

Yon fè konnen ke si yon òganizasyon ofri twòp pwogram oswa si li fè twòp piblisite, pousantaj manm ki gen andikap yo ap vin pi wo pa rapò ak kominote ki antoure l la.

“Si nou fè yon twò bon travay ak pwogram enklizyon sa a, moun ki gen andikap ap sot tout kote pou yo vini isit la, epi sa ap depase kapasite nou.”

**gade Potansyèl Asimilasyon nan paj 28 la*

ÒGANIZASYON KI MANKE ANGAJE YO

Ou bay yon ti kras sipò ak resous pou inisyativ enklizyon an, yon fason pou w ka jis "tcheke l sou lis la."

"Nou se yon òganizasyon enklizif; nou gen de pwogram pou bezwen spesyal pou timoun ki otis."

"Nou gen yon Spesyalis Enklizyon ki jere tout demand ak kesyon sa yo."

PÈ POU YO PA AL NAN TRIBINAL

Yon òganizasyon ka ezite akeyi yon moun ki gen andikap si yo panse ke moun sa ka rele yo tribinal si yo pa "fè bagay yo byen" oswa si batiman yo ak teren yo pa totalman aksesib. Li enpòtan pou nou note ke konsènan ka sivil pou Lwa sou Ameriken ki gen Andikap (ADA) yo, jeneralman yo te konsantre yo sou moun ki gen andikap fizik, men dènyè tan sa yo, gen plis anplis ka ki konsène patisipasyon moun ki gen andikap kache oswa entèlektyèl.

"Mwen te tande pale de yon pwogram yo te rele tribinal paske yon moun ki gen andikap pa t kapab antre nan pisin yo a. Sa te ba yo gwo tèt chaje."

"Mwen vle di, nou vle ede moun vre, men batiman nou an ansyen e li pa respekte nòm ADA yo. Si nou fè konnen nou enklizif, sa ka pote gwo pwoblèm legal pou nou epi sa ka fini pa koute nou anpil kòb."

FÒMASYON AK DEVLOPMAN PWOFEYONÈL PA RIVE NAN NIVO SA A

Yon sipozisyon ki fè kwè ke si yo ofri fòmasyon sou enklizyon pou manadjè pwogram yo ak anplwaye ki an kontak dirèk yo, ebyen sa sifi. Angajman òganizasyonèl la pa devlope, epi direksyon an oswa anplwaye administratif yo pa byen enfòme sou enklizyon, ki donk yo pa vrèman nan yon sitiyasyon pou yo ta pale de konsiderasyon pou bidjè, plan stratejik, ak lòt objektif ki gen rapò ak enklizyon.

"Wi, mwen pa konnen anpil bagay sou andikap. Nou bay fòmasyon pou ekip kan yo, konsa y ap konnen kijan pou yo jere timoun sa yo. Èske sa pa sifi?"

PÈSONÈL LA PA GEN MOUN KI ANDIKAPE LADAN L

Pa gen okenn efò serye pou rekrute, anboche, epi fòme moun andikape nan pèsonèl òganizasyon an. Oubyen, si gen yon moun andikape ki okipe yon pòs, an jeneral se travay ki pa mande anpil konpetans, se pòs yo kreye spesyalman pou yo, oswa yo mande yo pou yo travay gratis nan pòs sa.

"Nou gen anpil chans gen yon anplwaye ki gen sendwom Down. Cyndi konn pliye sèvyèt anpil; nou kontan nou jwenn yon travay pou nou ba l fè pandan l la."

Simonte Obstak yo: Repons pou Sipòte direksyon Pwogram nan, Administrasyon an oswa Tout Òganizasyon an

Eksplòre konsèy ak strateji sa yo pou bay anplwaye administratif yo, ekip direksyon yo, manm konsèy yo, ak lòt manm kominote a zouti pou konstui yon fondasyon ki sipòte yon angajman òganizasyonèl pou enklizyon, yon fason pou tout moun santi yo byenveni, patisipe epi jwenn sipò pou yo reyisi.

REZÈVE YON PLAS POU ENKLIZYON

Fòk nou konsidere enklizyon nan pwosesis bidjètè nou ak nan planifikasyon stratejik nou (pa egzanp, fikse yon pousantaj nan bidjè a pou amelyore enfrastrikti ki aksesib yo). Epi tou, entegre yon apwòch enklizyon nan misyon nou, objektif nou, pwosesis evalyasyon nou, ak rezo nou.

KREYE YON KOMITE KONSILTATIF SOU ENKLIZYON

Asire nou ke moun ki gen andikap ak moun ki pa genyen yo ansanm ak fanmi yo reprezante epi patisipe antan ke manm.

METE PRENSIP ENKLIZYON YO NAN MAKETING NAN

Revize tout materyèl maketing yo, ni sa ki enprime yo ni sa ki vityèl yo, pou w asire w ke yo aliyen ak tèminoloji yo rekòmande pou andikap ak prensip enklizyon yo. Chèche jwenn foto otantik ki soti nan pwogram ki egziste deja yo ki reflekte sa ki ofri a. Mete aksan sou akonplisman manm yo, evite itilize tèminoloji ki ta fè konprann ke se yon kesyon de "simonte" yon andikap oswa lòt ekspresyon ki pa aliyen ak kesyon andikap la. Pran an konsiderasyon misyon ak prensip ki gide w yo, epi revize yo pou asire w ke mesaj yo ak yon nati yo enklizif.

KONPRANN LWA ADA A

Angaje w pou w konfòme w ak Lwa pou Ameriken ki gen Andikap yo (ADA) epi chèche konnen kisa dwa yo ye. Pran an konsiderasyon aksesibilite fizik ak pwogramatik yo.

ADOpte YON APWòCH ENKLIZIF POU DEVLOPMAN AK KWASANS ÒGANIZASYON AN

Tout nouvo batiman, renovasyon ki egziste deja, ak pwòjè yo dwe gen yon apwòch parapò ak Konsepsyon Inivèsèl (Universal Design) ki konsidere nan faz planifikasyon an. Fòk yo konsidere enklizyon pou pwogram ak evènman nan tout òganizasyon an tou.

KREYE YON ESPAS POU DISKITE

Nan tout òganizasyon w lan, dwe genyen kominikasyon ak yon espas ki dedye pou diskite sou inisyativ ak pwogrè enklizyon yo. Sa vle di, "li sou ajanda a" pou tout reyinyon.

METE MOUN KI GEN ANDIKAP NAN TOUT ÒGANIZASYON AN

Mete moun ki gen andikap yo antan ke manm ki gen valè nan konsèy administrasyon an, komite a, ak antan ke moun k ap pran desizyon. Rapò yo dwe reflete kominote a.

KOLABORE AK ÒGANIZASYON KOMINOTÈ YO

Kontakte òganizasyon ak ajans ki nan kominote w la ki sipòte moun ki gen andikap. Atravè sa, w ap konekte ak kominote w ap chèche sipòte a, epitou w ap kreye aksè ak resous anplis pou devlopman pwosedi, fòmasyon, ak politik ou yo.

DEFINI PWOGRAM YO KLÈMAN

Chèche konprann eleman yo ak diferans ki genyen ant modèl patisipasyon yo:
Enklizyon spesyalize, entegre, Ini, Otantik (gade nan paj 8).

Detaye sipò yo ofri ak atant yo genyen pou patisipan yo nan materyèl maketing yo.

MEZIRE PWOGRÈ YO

Fè sondaj ak/oswa mezire objektif yo. Eksplòre epi mete an pratik fason pou mezire ak evalye siksè enklizyon nan pwogram yo (egzanp: tande temwayaj, fè sondaj, elatriye).

Yon Istwa sou Asimilasyon Potansyèl



Mary, ki gen 24 an, te entèrese pran kou Zumba nan YMCA lokal li a. Mary otis epi li gen ADHD, e okòmansman manman l te ap enkyete l sou fason li ta pral entegre l, oswa si eksperyans lan t ap pozitif, sitou paske li te vrèman gen difikilte ak konpetans sosyal nan anviwònman an gwoup. Tout ekip retablisman nan Y sa a te patisipe dènyèman nan yon fòmasyon sou enklizyon ki te konsantre sou bay enstriksyon ki akeyan, angajan, e ki pou sipòte manm ki gen andikap yo.



EKSKLIZYON

Antan ke òganizasyon, yo te rekonèt ke pifò nan klas retablisman yo te "Eksklizif".

Mary ak manman l te rankontre ak enstriktè Zumba a, Tanya, pou diskite sou enkyetid spesifik ak strateji ki ta pral fè Mary reyisi. Aprè kèk semèn, li te klè ke Mary te kòmanse abitye, li te vin pi alèz, e li te menm kòmanse kominike ak lòt moun nan klas la. Tanya te santi l pozitif anpil sou patisipasyon Mary a epi li te vin gen plis konfyans tou pou l te ka pi enklizif nan pratik li yo. Se te premye fwa li te gen yon moun nan klas li a ki te konnen ke li gen yon andikap. Yon lòt manm klas la te gen yon frè li ki te gen Sendwom Down nan e ki te renmen Zoumba tou. Aprè li te vin wè kijan Mary te reyisi nan klas la, li te envite frè li a, Andy, vin patisipe tou. Tanya ak tout rès klas la te akeyi l ak de bra louveri.



ENKLIZYON

Kounye a, klas sa a vin tounen yon egzanp, yon modèl enklizif kote moun ki gen andikap ak moun ki pa genyen yo ap patisipe ansanm.

Pandan mwa yo t ap pase, Mary (ak manman l) te kòmanse pataje eksperyans yo avèk zanmi yo ak lòt moun ki te nan fwaye akèy kote Mary te fèk demenaje a. Mèt fwaye akèy yo te vin entèrese anpil, yo t ap panse ak lòt moun ajans yo a te pran ki ta renmen yon klas konsa tou. Kèk mwa aprè, Tanya te santi bagay yo kòmanse twòp pou li. Nan dènye kou li a, de fwaye akèy diferan te vini patisipe, chak te gen twa moun yo t ap sipòte. Tanya pa t enfòme de prezans yo davans, Youn nan gwoup yo te rive 15 minit anreta epi sa te deranje klas la

anpil. Yon ti tan aprè, yon fanm nan lòt gwoup la te kòmanse pale byen fò paske yon manm nan klas la te antre nan "espas pèsònèl li," epi Tanya te vin remake ke manm ekip ki t ap akonpaye l la pa t nan klas la; li te soti al mache sou tapi woulant lan. Plizyè lòt manm klas la te vin fache epi yo te fè konnen ke yo te gen enkyetid e ke yo ta pral kòmanse chèche lòt klas. Tanya te remake ke anpil nan moun ki konn abitye vini yo pa t nan klas la depi yon bon bout tan. Kisa k te pase? Lè yon klas k ap pratike "enklizyon" kreye yon gwo pale anpil nan kominote



ECHÈK
ASIMILASYON

Klas sa a kounye a depase potansyèl gwoup la pou l asimile moun – kantite moun ki gen andikap yo vin pa an rapò ak rès manm yo anvan klas la te louvri pou l te vin enklizyon – sa ki evidaman fè nou tounen dèyè, kote manm gwoup la ki pa gen andikap yo twouve l de pli an pli difisil pou yo akeyi epi asimile manm ki gen andikap yo nan gwoup la.

moun andikape yo, sitou si pa gen anpil lòt opsyon enklizyon ki disponib, gen yon risk pou patisipasyon an te ogmante anpil gras ak " radyo djòl" epi sa te chanje dinamik pwogram nan nèt. Akèy la ka bouke akòz de pwogram ki la deja a epi patisipan ki pa andikape yo ka vin chwazi pa patisipe ankò, sa ki mete pwogram nan an danje pou l transfòme an sa nou rele yon modèl entegre oswa spesyalize (gade paj 8 la). Sa kreye yon obstak tou pou kominote ki wèl pou wèl tout moun antan ke yon endividi nòmal yo, li ogmante minimizasyon an, epi, si yo pa fè anyen kont sa, li ka koze domaj ireparab nan inisyativ enklizyon òganizasyon an. An rezime, nan yon klas ki baze sou enklizyon, pwopòsyon yo dwe aliye ak pousantaj patisipan ki gen andikap yo parèy ak sa ki pa genyen yo nan popilasyon jeneral la. Pou n pale an jeneral, dwe gen sèlman 20% nan gwoup la ki se moun ki gen andikap, yon fason pou ka gen ase moun k ap akeyi parèy ak moun k ap resevwa akèy.

E SI W WÈ PWOGRA M PA W LA TA VIN NAN SITIYASYON SA A? KISA W KA FÈ?

Premyèman: respire epi di tèt ou ke sa se sèlman yon ti obstak sou chimen enklizyon an. Revize strateji oswa "repons" ki nan paj anvan yo epi kòmanse yon plan sou fason pou w remete l sou bon chimen an pou l ka tounen yon modèl enklizyon ankò. An jeneral, lè sa rive, se ka akòz de mank opsyon pwogram enklizyon ki disponib yo. Sa se yon bon bagay, paske sa montre nou nou bezwen plis enklizyon! Evalye kapasite òganizasyon w lan pou l ouvri plis klas sou modèl enklizyon an epi gade si yon klas spesyalize oswa entegre anplis ap nesesè kòm yon mwayen pou bay sipò "anplis la" pou moun k ap chèche patisipe nan yon aktivite an patikilye men ki poko fin pare pou modèl enklizyon konplè a. Kolabore ak lòt vil oswa pwogram epi ankouraje yo pou yo fè efò pou yo vin pi enklizyon nan pratik yo. Vin yon modèl pou yo, pandan w ap ba yo sipò nan vwayaj pa yo a.

Lè plis nan kominote nou yo vin enklizyon, lè sa a, nou sou wout yon chanjman pou kominote yo vin pi enklizyon!

Istwa Jesse avèk Jamie ak Zanmi yo

Jesse te gen zanmi, zanmi tankou Jamie ak Kyle, Adam ak Kelham, zanmi ki te konn vin lakay li pou naje, tande mizik ansanm, epi patisipe nan tout ti blag ki konn genyen lè yon moun ap fè yon sware pijama.

Jamie Becker te rankontre Jesse pandan yo te nan yon kou syans ansanm nan setyèm ane. Li te kòmanse pale avè l, e menm si li pa t pale, yo pa t gen pwoblèm pou yo te konprann youn lòt. "Mwen te santi m te ka kominike avè l san m pa t di yon mo menm, nou te jis konprann youn lòt," se sa Jamie t ap di pandan l ap rakonte premye jou li te rankontre l la. Anfèt, nan menm ane sa a, pwofesè Jamie a te oblije chanje l plas paske li te pale twòp ak Jesse.

Anpil tan pa t pase anvan Jamie ak Jesse te kòmanse soti ansanm an deyò de lekòl. "Mwen te konn pote CD ak tout mizik prefere m yo pou Jesse, epi nou te pran anpil plezi lè nou ap tande yo ansanm". Jamie te di. "Youn nan pi bèl souvni mwen genyen ak Jesse se lè nou (Jesse, ak zanmi li Kyle) te abiye pou Halloween epi nou t ap bay timoun sou katye yo bonbon. Aprè sa, nou te gade fim djab ansanm. Sa te vrèman amizan.



Fason Jamie sonje li te eksplike paran li rankont li ak nouvo zanmi li an, te sanble ak istwa Adam nan, yon lòt zanmi Jesse te fè nan lekòl primè, dapre sa manman l, Marianne, te di nan memwa li a, *Knowing Jesse*:

Li te fè zanmi tou, Adam ak Kelham, youn nan yo a pa t moun ki sansib, epoutan sa pa t anpeche yon timoun ki pa t pale e ki te nan yon chèz woulant atire atansyon yo.

Adam te di manman l ke gen yon timoun nan klas li a ki te rayi kolorye menm jan avè l, epi li te mande èske li te ka envite l vin lakay li? Kèk semèn aprè, li te mande manman l, "kisa non vèbal vle di?" Manman l te esplike l. Adam te sezi: "Men, Jesse ka pale, se moun yo ki pa vle tande li." Manman Adam te sezi anpil lè l te rankontre Jesse. Adam pa t di l anyen apwopo de chèz woulant lan. Sa pa t enpòtan pou li, sa ki te entèrese l se te ke yo tou lè de te rayi kolorye. Lè Jesse te vin vizite, Adam ak frè li a, Derek, yo te mete li nan jwèt ajite yo konn fè yo, kote Jesse t ap ri san rete pandan ke yo



Jesse Cooper (1987-2005)

t ap pouse chèz woulant li an nan yon lago yo t ap fè. Après, yo te vin ap jwe bòling ansanm, yon fwa pa semèn nan tèren bòling zòn yo a, kote Jesse t ap pouse boul la desann nan yon glisad ki te sou chèz woulant li an, epi Adam limenm t ap pran san l pou l byen pozisyon glisad la. Ekip yo a te rele Outlaws.

Amitye Jamie ak Jesse la te kontinye tout nan segondè. Nan dènye ane fondamental yo, yo te ale nan bal semi fòmèl tradisyonèl la ak seremoni pou timoun uityèm ane yo ansanm. Li sonje sa kòm youn nan pi bèl souvni li genyen nan ane fondamantal li yo, yon moman anpil moun ta renmen efase, men, ki te vin pi bèl pou li limenm gras ak amitye li te genyen ak Jesse la.

Malerezman, anvan yo te gentan menm rantre nan segondè, lekòl la te sibi yon chanjman nan zòn kote li te ye a, sa ki te fè Jamie te oblije ale nan yon lòt lekòl diferan de Jesse. Jamie sonje li te tèlman desi ak chanjman sa a, li te mande paran l yo pou yo achte yon kay nan vil Jesse ye a pou yo te ka toujou ale nan menm lekòl la ansanm. Lekòl ak lavi te kontinye, e yo te toujou rete an kontak epi yo te konn pase tan ansanm an deyò de lekòl la. Malerezman, ane ki te vin aprè a, Jesse te vin mouri.

"Mwen te gen yon vrè koneksyon ak Jesse ke mwen poko janm ka santi ak okenn lòt moun jiska jounen jodi a," se sa l te di ak tristès, "Jesse te tèlman bo, li te komik anpil tou, li te entèlijan, li te konn pran swen moun, li te gen yon bèl nanm, e kounye a, plizyè ane aprè, m ka di onètman ke m poko janm gen yon lòt zanmi menm jan ak Jesse."

"Jesse Cooper se te yon elèv entèlijan, li te renmen monte planch a vwal ak ekri pwezi. Li te paralize gravman ki te koz li tetraplajik, li pa t ka pale epi li te konn fè kriz. Li te mouri sanzatann ak disèt an."


– Soti nan *Knowing Jesse* pa Marianne Leone



Enklizyon fèt sèlman lè gen yon angajman pou chanje sistèm nan. Nan nivo òganizasyonèl, chanjman kòmanse anlè. Fòk nou ouvè, fòk nou patisipe, epi fòk nou prezan.

Sa vle di ekip direksyon ou an dwe dakò avèk direktiv ak objektif enklizyon yo, yo dwe bay egzanp, epi dwe envite tout moun, soti anlè rive anba, pou patisipe nan pwosesis la depi nan kòmansman jiska lafen. Lè tout moun konsyan de enklizyon epi yo pratike l, ou kòmanse kreye yon "klima chanjman" ki pral dirab, epi kote enklizyon vin tounen yon pati nan definisyon òganizasyon w lan. Lè enklizyon an fin abouti, lè sa a, l ap parèt natirèl, epi pèsòn pap bezwen rele l "enklizyon" ankò. Men, se sèlman atravè yon travay ki fèt ak anpil prekosyon, konsyans, ak regilarite, n ap rive nan eta "natirèl" sa a, oswa kote "n ap fè l san nou pa bezwen di l" sa. **Planifye pou siksè TOUT moun avèk TOUT moun.**

Anfèt, lè òganizasyon yo travay pou mete an plas yon anviwònman enklizif ki otantik, òganizasyon an jwenn plis benefis toujou. Byen vit, benefis yo depase tout envestisman inisyal ou te fè nan fòmasyon ak sipò pou ekip ou a pou bati kilti enklizyon an.



Sa k vin aprè? Lè enklizyon an fin abouti, li louvri lespri moun yo, konsa yo ka wè lòt moun tankou parèy yo, tankou manm kominote nou an ki gen valè, k ap pataje don yo. Waw. Sa se yon vrè akonplisman!

Men sa **pa ase**. Yon fwa ke ou fin rive la nan vwayaj ou a, pwochen etap la se bati pon epi nourri "konesans" sa yo pou fè yo tounen "amitye."

? An n Panse...

Kòman nou ka fè pwochen pa a, konstui sou enklizyon pou sipòte devlopman yon vrè amitye?

Istwa Norma ak Phoebe

Phoebe ak Norma se de zanmi ki te rankontre an 2011 nan travay, kote yo te dekouvri yo te renmen yoga anpil toulede epi yo te ranfòse koneksyon espesyal yo te genyen an.

Malgre yoga se te pwen depa pou amitye yo a te grandi, yo toulede te renmen konpayi youn lòt e yo te toujou anvi pase tan ansanm, jis pou yo te detann yo nan pifò wikenn. Ant rankont yo, yo te konn kenbe youn lòt okouran de bon nouvèl ak difikilte lavi yo chak jou. Norma gen andikap devlopmantral, e anvan pandemi 2020 an te frape, li te ap travay nan Sant Kominotè Juif ki nan zòn li an (yon djòb Phoebe te ede l jwenn) e li fyè anpil de pozisyon li te genyen an kote li t ap bay sèvis kliyantèl antan ke anplwaye nan vestiyè medam yo.

Pandan ensètitid moun te viv pandan pandemi an, kote anpil moun (men sitou moun ki gen andikap) te santi yo izole epi yo te nan solitud, Norma ak Phoebe menm te gen youn lòt pou yo apiye, konekte epi sipòte pandan moman difisil sa yo. Yo te toujou rete an kontak regilyèman pa imèl ak Zoom; aprè sa, lè sa te vin posib, yo te rekòmanse ap fè yoga ak yon distans fizik respektab nan lakou Norma a ankò. Yo toulede te kontan anpil pou yo te di ke lè li posib ankò, y ap retounen nan stidyo yoga prefere yo a nan kominote yo.

Norma rakonte souvni prefere li ak Phoebe: "Nou te konn fè yoga nan estidyo a anvan tout bagay (COVID) epi nou te konn soti al manje deyò. Kounye a, nou fè yoga nan lakou dèyè lakay mwen an. Nou tandè mizik prefere nou yo, nou fè yoga, epi nou pale de lavi a." Lè yo mande l sa amitye Phoebe a vle di pou li, li di avèk fyète, "Li te



ede m jwenn yon travay nan JCC a. Li sousye de mwen. Mwen renmen l."

Phoebe gen menm santiman yo pou Norma ki nan lavi li: "Li se yon limyè nan mond sa a e mwen santi m onore dèske li pataje anpil nan limyè li a avè m."

Après pou fiti a, toulede gen yon bagay trè espesyal k ap tann yo. Phoebe pral selebre maryaj li (apre pandemi an) epi Norma ap la pou sipòte l epi selebre jou espesyal li a nan yon wòl enpòtan e afektye. Norma pral distribye boul savon bay envite yo epi l ap gide yo pou yo kreye yon kaskad boul savon pandan koup la ap kite seremoni an. Nou swete Phoebe ak Brian bòn chans. Ak Norma tou.



BWAT ISTORIK

Nan bwat istwa ki nan paj 6 la, nou te note ke te gen gwo chanjman revolisyonè nan senkant dènye ane ki sot pase yo, nan fason yo bay sèvis ak nan lavi moun ki gen andikap yo. Enstitisyon malfezan sa yo prèske disparèt, e menm kèk nan erè ki te fèt nan dezenstitisyonalizasyon an, tankou deplase anpil moun pou mete yo nan mezon retrèt, ap repara nan anpil eta. Prèske tout moun sa yo ap viv nan kominote nou yo, e tikras pa tikras nou ogmante enklizyon moun sa yo nan espas ak òganizasyon kominotè yo.

Men sa montre tou ke enklizyon, menm si se yon bon bagay, li pi enpòtan toujou antan ke yon etap pou rive nan yon amitye ki pi solid e ki gen plis sans ant moun ki gen andikap ak moun ki pa genyen yo. Poutan majorite moun ki gen andikap poko prèt pou atenn objektif sa a. Anpil fanmi, pa egzanp, dekri kijan pitit fi oswa pitit gason yo ki gen andikap pa janm resevwa envitasyon pou fèt anivèsè yon kamarad nan klas yo. Yo enkli nan lekòl la, men yo pa vrèman gen zanmi, epi ou ka imajine kijan sa tris pou paran yo, ak pou pitit gason oswa pitit fi yo a.

Nou ka aprann tou yon leson sou enklizyon ak amitye parapò ak pandemi COVID-19 la an 2020. Si relasyon ou ak lòt moun nan kominote w la te depann sèlman difèt ke ou se manm nan yon jimnastik, nan yon legliz, oswa yon koekipye, oswa yon kliyan regilye nan yon kafe oswa yon ba spòtif, oswa yon elèv nan yon kou leswa, ebyen kisa k ap pase lè jimnastik la oswa kafe a oswa ba a fèmen, legliz la kanpe sèvis li yo, epi tout kou yo anile oswa yo fèt sou entènèt? Lè sa a enklizyon ou an pap ede w pa ret pou kont ou. Sèl fason relasyon sa yo ap ka dire se sof si yo vin tounen yon amitye dirèk.

Kidonk, gid nou an ap leve nouvo defi sa menm, epi n ap envite w fè menm bagay la tou. Kòman nou ka jwenn epi ankouraje yon vrè amitye ki otantik e lib?

Detanzantan, sa ka rive poukont li, "natirèlman." Men souvan fwa sa ka mande pou w fè l ak konsyans ou tou, itilize yon strateji, epi fè kèk pa yon moun tankou ou dwe fè. An jeneral, moun ki gen andikap la, menm si li kapab pale nòmalman, li ka timid, oswa li ka panse se anplwaye yo oswa fanmi li ki la pou "okipe" li. Kidonk, yo ka pa fè premye pa a. Epi an jeneral moun ki pa gen andikap la gen menm limit sa yo tou; yo ka panse yo pa konnen kijan pou yo kominike ak yon moun ki gen andikap, oswa yo ka panse tou moun ki gen andikap la se "anplwaye yo oswa fanmi li ki okipe l" oswa se yon gwoup apa ("spesyal") ki okipe l. Kidonk, yo menm tou yo ka pa "fè premye pa a". Donk pwobab fiti amitye sa ka depann de ou.

Chimen Ou Pa Fini Lè Ou Vin Manm

Entwodiksyon

An jeneral, li prèske enposib pou w rive nan yon amitye san w pa pase nan chimen enklizyon an anvan. Kounye a ke ou fin soude angajman w ak enklizyon epi ou jwenn sipò nan repons rekòmande yo ak meyè pratik yo te pataje nan chapit anvan an yo, nou pral rantre nan pwochen etap vwayaj ou a. Sou chimen amitye a (oswa pi presizeman, kreye yon kilti ki sipòte devlopman yon amitye ant de moun, youn ki gen andikap ak youn ki pa genyen), etap sa a nan vwayaj la poze plis defi oswa difikilte toujou pou imajine paske, franchman, sa pa rive souvan e donk li pa yon abitud.

Nou gentan fè yon bon bout chimen jiskaprezan, men se sèlman yon etap an plis, wout la poko fini la. An nou rive jwenn Amitye!

Sa nou di la a yo se kòmansman yon amitye resipwòk epi otantik ki baze sou patisipasyon nan yon aktivite ke nou toulède gen an komen. Nou konsyan ke nan kòmansman, travay ki rekòmande a ka parèt pa natirèl, men objektif final la se konstui yon kilti kote gen plis chans pou yon relasyon ki reyèl epi ki dire devlope.



Istwa Sean ak Sean

Sean M. ak Sean C. te rankontre sa gen senk (5) lane pandan yo t ap patisipe nan yon aktivite legliz. Sean M. gen sendwòm Down, e li te gen 21 an lè yo te rankontre. Fòk nou admèt ke li te timid, li te toujou renmen rete nan fon sal la (yon bagay ki difisil pou imajine kounye a lè nou wè jan mesye ki sosyal e ki gen cham sa ap pale de tèt li antan ke yon tizè fanm, nan entèvyou nou te fè avè l pou n te ka ekri atik sa). Sean C. te pèsistan anpil nan tantativ li pou l te vin konnen jèn gason timid sa a e sa te pote fwi, paske sa te vin mennen nan yon amitye ki pwès epi pwofon.

Depi aprè premye rankont sa a, yo te pataje anpil avanti eksitan ansanm e kounye a yo pa sèlman pi bon zanmi, men yo se "frè." Kèk nan aktivite prefere yo se jwe mini-golf, gade fim ak foutbòl ameriken (Sean M. se yon gwo fanatik ekip Chargers la, tandiske Sean C. li menm pi renmen ekip Browns la). Anplis de sa, Sean ak Sean se bon konpayon vwayaj tou, yo gentan ale Cancun ak Las Vegas, ki te sou lis vwayaj yo te vle fè anvan yo mouri. Lè yo youn pa bò kot lòt, yo konn fè Facetime epi yo voye mesaj pou yo ka rete konekte.

Jan tout zanmi konn fè, yo youn se pi gwo



fanatik lòt, yo tandè youn lòt, epi yo vrèman sipòte youn lòt nan siksè yo ak nan gwo evènman ki pase lavi yo. Se Sean C. ki te sipòte epi akonpaye Sean M. nan dènye odisyon li pou yon wòl nan seri Born This Way la, yon seri dokimantè orijinal ki mete an valè pèsonalite sosyab ak kapasite ekstraòdinè sèt jèn gason ki fèt ak sendwòm Down nan. Yo te chwazi Sean M. pou youn nan wòl yo epi yo te tou pale de istwa amitye li ak Sean C. pandan tout seri a.

Sean M. pa t sèlman temwen Sean C. nan maryaj li, men tou li tankou yon Tonton pou pitit gason li an, Holden, ke li konn ap di ak anpil lanmou: "li se pi bon timoun ki egziste. Mwen renmen pase tan avè l, e li pran m kòm modèl." Menm jan an tou, Sean C. te kontan anpil pou siksè zanmi l, li te selebre avè l lè li te lanse pwòp mak rad li a, *Seanese*.

Lè yo te mande l ki pi bon kalite nan amitye yo a, Sean M. te di ak fyète, "Repons lan fasil. Li tankou yon frè pou mwen, li gen yon plas spesyal nan kè m, e li se tout bagay pou mwen." Sean C. reponn tousuit, li di, "Li fè m ri. Li toujou gen yon vizyon pozitif. Mwen jwenn anpil avantaj nan amitye nou an, e mwen renmen fason li wè lavi a."

Konsèy Sean C. pou nenpòt moun k ap chèche kreye yon koneksyon sosyal ak yon lòt moun: "Chèche moun ki chita dèyè nèt nan sal la. Sa ap vo lapèn".

Amitye: An n Kòmanse

Ann reflechi sou sa. Poukisa amitye enpòtan konsa, sitou pou moun ki gen andikap?

Yon moun ka ap mande tèt li, "Èske gen yon moun nan lavi m ki entèrese avè m paske li renmen m tout bon, e non pa paske yo te ba li responsablite pou l jere m?" Yon konesans pa menm bagay ak yon vrè zanmi, e pou yon moun ki gen andikap, jwenn yon moun ki pa gen andikap ki pou zanmi se yon bagay ki ra anpil. Menm jan an tou, anplwaye k ap sèvi ak moun sa yo pa menm bagay ak yon vrè zanmi. Yo peye yo pou sa, e souvan fwa yo toujou ap chanje moun sa yo, donk yo pa vini pou rete nan lavi moun ki gen andikap yo. Si tout zanmi ou genyen yo se konesans sipèfisyèl oubyen moun ki touche lajan pou yo pase moman avè w, ebyen ou gen anpil chans pou w toujou santi w poukont ou.

Kounye a nou konnen ki kote nou prale ak poukisa travay la enpòtan konsa. Ann pran yon ti moman pou n pale avè w pèsònèlman, oumenm lektè a. Poze tèt ou kesyon sa a: Ki valè zanmi w yo genyen nan je w? Men kèk kèk repons lòt moun te bay:



An reyalite, amitye ka fè w jwenn yon djòb, viv nouvo eksperyans, fè yon relasyon entim, oubyen tou jwenn yon patnè oswa yon konjwen. Èske tout moun pa ta dwe gen dwa pou fè eksperyans sa yo? Nou envite w fè pati yon eksperyans k ap chanje lavi w, pou w vin yon anbasadè pou amitye. Wòl ou se fè l pi posib (menm si nou pa ka garanti sa) pou de moun konekte youn ak lòt akòz de yon enterè yo genyen an komen, yon koneksyon ki ap mennen nan yon **amitye ki sensè, resipwòk, epi otantik**.


Yon lòt fwa ankò, n ap gade obstak sa yo sou diferan ang, nou pral fè diferans lan selon kiyès yo afekte dirèkteman (anplwaye, pwòch/fanmi, òganizasyon administratif). Lè nou pataje pwoblèm sa yo ak solisyon yo, nou ka bay kèk bon fason pou moun simonte obstak sa yo, ansanm ak meyè pratik ki pou ede moun ki gen andikap yo konstui nouvo amitye.

Kounye a, ak wout ou trase pou w rive nan enklizyon an, ou pozisyon tèt ou ak pwogram ou yo antan ke yon moun ki la pou ede kreye baz yon amitye otantik ant yon moun ki gen andikap, ak yon moun ki pa genyen.

An nou kòmanse sou nouvo chimen sa a.

Istwa Matthew ak Eric

Vin fè konesans Matthew ak Eric. Yo te rankontre lè yo te timoun, yo te konn jwe ansanm sou katye a. Matthew di dat egzak la se 31 Me 1986. Wiffleball, Kick The Can, ak Ghost In The Graveyard se te jwèt prefere yo nan katye a. Eric te di, "Lè Matty te kòmanse jwe avèk nou, li te jis yon manm nan gwoup la, li te enkli nan tout bagay." Se sèlman plizyè ane annaprè li te vin aprann kisa sendwom Down lan te ye, pandan l t ap gade seri Life Goes On nan. "Mwen pa t janm wè Matty antan ke yon moun ki diferan de nou. Mwen vle di, nou te jis ap pran plezi nou ansanm."



Amitye yo a te kontinye prospere avèk tan ke yo youn te konn pase lakay lòt, nan gade emisyon televizyon prefere yo a, Full House, epi nan jwe jwèt sou televizyon an. Lè l ap panse avèk tan sa yo, Matthew di, "Mwen te renmen pase tan ak Eric. Blag li yo te tèlman bèl, li te toujou konn fè m pete gwo ekla ri."

Pandan ane yo t ap pase, Eric ak Matthew te kontinye jwi lavi ansanm tankou de vrè zanmi. Sware pizza vin tounen youn nan tradisyon prefere yo, ak vizit yo konn fè detanzantan nan ba yo. Yo toujou la youn pou lòt pou pataje okazyon espesyal yo tou. Eric te prezan nan gradyasyon ak lòt reyalizasyon Matthew yo pou l selebre avè l. Epi Matthew limenm te temwen nan maryaj Eric epi li te parenn youn nan pitit li yo tou – jan nou ka wè sa nan foto a.

Eric dekri amitye yo a konsa: "Matty plis pase yon pi bon zanmi m, li fè pati fanmi m." Matthew reponn, "Eric toujou sonje jou fèt mwen, ki se 8 Avril, anpasan. N ap toujou zanmi; li fè pati de lavi m."



Obstak Anplwaye* yo Rankontre

Nou konsyan ke gen obstak ke anplwaye ki la pou jere pwogram nan oswa sèvis pou kominote nou an ka rankontre.

Paske amitye otantik ant moun ki gen andikap ak moun ki pa genyen yo ra, anpil nan sa nou di la yo baze sou sipozisyon e nou sèlman gen yon ti kras egzanp nou ka itilize. Tout gwo mouvman dwe gen yon kote yo kòmanse e nou dwe sonje ke mouvman sa a fèk kòmanse. Nou ka itilize.

Nou ka itilize *Tèm "anplwaye" a pou pale de yon konseye, antrenè, volontè, enstriktè oswa nenpòt moun ki enplike dirèkteman nan jesyon pwogram oswa sèvis sa yo epi ki an kontak tou ak manm kominote a.

MANK

FÒMASYON/KONESANS

Moun nan pa gen eksperyans oswa konesans sou fason pou fasilite echanj enfòmasyon, sa ki anpeche yon relasyon sosyal devlope.

"Mwen pa alèz pou m eseye mete de moun an kontak pou yo vin zanmi, sitou lè youn nan yo a gen yon andikap, epi mwen potko janm travay ak moun ki gen andikap anvan sa."

MAL KONPRANN WÒL PWOFEYONÈL OU

Anplwaye yo ka santi ke sipòte yon relasyon se depase limit pwofesyonèl yo. Yo ka kwè ke depasman limit sa a pa apwopriye oswa li pa fè pati wòl yo kòm enstriktè (anplwaye, antrenè, oswa pwofesè).

"Mwen se yon enstriktè Zumba, mwen pa yon moun k ap kreye lyen pou moun."

MANK INISYATIV PA VLE DI MANK ENTERÈ

Pafwa, moun yo ka vini nan klas la san okenn eksperyans. Petèt ke pran yon kou epi explore opòtinite pou kreye yon relasyon ki lib nan yon kominote se yon bagay ki nouvo pou yo. Jis paske yon moun pa pran devan oswa li pa respwòk parapò ak opòtinite li jwenn pou l fè zanmi, pa vle di li pa vle gen zanmi pou sa. Li ka jis bezwen plis ankourajman ak sipò pou l fè sa.

"Mwen te eseye fè Peter fè konesans ak yon lòt moun nan klas la deja, men li pa t sanble entèrese ak sa. Mwen pa kwè li bezwen zanmi."

EGZANP LIMITE = SPEKILASYON

Dèske konsèp sa a baze sou spekilasyon, ka fè de li yon obstak tou. Pou kèk moun, lè yo pa jwenn egzant pou yo apiye, sa ka fè yo ezite kreye opòtinite pou yo fè zanmi.

"Mwen pa vrèman sèten li posib pou de moun sa yo vin zanmi. Sa m vle di se ke mwen potko janm wè yon amitye konsa anvan."

LÈ W ITILIZE TÈM "ZANMI" AN TWÒP – LANGAJ ENPÒTAN

Lè y ap enstui yon gwoup moun, souvan fwa moun ki an chaj yo gen tandans itilize tèm "zanmi" an twòp. Prefere ou itilize tèm nan sèlman lè gen yon koneksyon natirèl e sensè ak yon enterè mityèl k ap fèt ant de moun yo. Olye de sa, itilize lòt tèm tankou koekipye, jwè, manm kongregasyon an, lè w ap pale de yon gwoup annantye.

"Toujou di ~~zanmi~~ koekipye nou yo bonjou."



Simonte Obstak yo: Repons pou Sipòte Anplwaye* yo

Eksplòre konsèy ak strateji sa yo pou bay anplwaye pwogram yo zouti ak konfyans pou kreye yon kilti kote amitye ka devlope ant moun ki gen andikap ak moun ki pa genyen yo.

Nou ka itilize *Tèm "anplwaye" a pou pale de yon konseye, antrenè, volontè, enstriktè oswa nenpòt moun ki enplike dirèkteman nan jesyon pwogram oswa sèvis sa yo epi ki an kontak tou ak manm kominote a.

ENVESTI NAN YON ANVIWÒNMAN KOTE AMITYE KA DEVLOPE

Sa ta dwe vin fè pati de objektif ak pwosedi òganizasyon w lan. Fòk anplwaye yo, antrenè yo, enstriktè yo, dyak yo, ak volontè yo konnen atant yo epi resevwa fòmasyon pou sipòte devlopman yon amitye ant yon moun ki gen andikap, ak yon moun ki pa genyen.

ANTRE NAN EKIP YO POU N KA REZOUD PWOBLÈM YO ANSANM

Konstui yon bon relasyon ak fanmi yo oswa anplwaye sipò yo pou n ka genyen epi ogmante konfyans yo. Fòk ou onèt. Toujou pale avèk yo de chak nouvo pa w ap fè ak difikilte ou te rankontre.

AJOUTE OSWA AMELYORE LESON SOU KONPETANS SOSYAL YO

Kreye yon kou ki spesyalize li sou espas pèsònèl, limit, ak konpetans sosyal nan yon sitiyasyon reyèl.

ITILIZE YON LANGAJ KI DEKRI AMITYE

Gen moun k ap tire pwofi de yon istwa ki dekri yon amitye k ap fleri. Yon fraz tankou "Nou kòmanse antann nou byen wi" ka sèvi antan ke yon envitasyon pou pwochen etap la. Langaj kreye reyalye epi reyalye kreye kilti.

BAY EGZANP SOU AMITYE

Bay manm yo liv ak/oswa fim ki montre amitye ant moun ki gen andikap ak moun ki pa genyen. Evalye yo anvan pou w asire w ke mesaj yo aliyen epi kòrèk ak sa w ap vann nan. Mete menm tip de foto sa yo tou nan materyèl maketing ou yo oswa nan dekorasyon ki sou mi nan etablisman w lan.

JWENN EKILIB PWOFEYONÈL OU

Yon bon ekilib ant fasilite ak sipòte nan relasyon yo ka amelyore aktivite yo epi ankouraje amitye. Aktivite pou detant ak lwazi yo ka pote anpil plezi, men nou vle fouye pi fon toujou, pi lwen pase aktivite a. Konsidere tout entèraksyon nan wòl spesifik ou (antan ke anplwaye) - ki jan de moun ou ka ede moun sa devni?

KÒMANSE AK SA KI PI JÈN YO

Fasilite koneksyon sosyal ant yon timoun ki gen andikap, ak yon timoun ki pa genyen yo, pami manm ki pi jèn ou yo. Nou rekonèt ke kalite èd ak sipò sa a ka pi fasil pou w fè epi li gen plis chans pou l bay yon reyaksyon pozitif.

BAY OPÒTINITE POU APRANN

Bay liv/resous pou moun ki ta renmen aprann plis yo (manm kominote a, paran yo, anplwaye yo ak volontè yo tou).

BAY FÒMASYON SPESYALIZE

Kontakte yon moun ki bay fòmasyon sou enklizyon epi ki gen eksperyans nan enklizyon moun ki gen andikap nan pwogram kominotè oswa lwazi yo (gade nan paj 52).

Obstak Manm Kominote* Ki Ka Ap Chèche Konekte Sosyalman ak Lòt Moun k ap Patisipe nan Pwogram Ou an Rankontre

Nou konsyan ke gen obstak ki spesifik pou yon moun ki gen andikap ak manm fanmi/rezo sipò li yo k ap chèche patisipe nan aktivite lwazi oswa pwogram kominotè yo avèk objektif pou jwenn amitye ak yon lòt manm/patisipan. Epoutan, moun ki pa gen andikap yo ka gen obstak yo sibi oswa ki fèt pa/pou yo menm ak/oswa manm fanmi yo tou.

*Tèm "MANM KOMINOTE A" a ka gen ladan l moun ki gen andikap ak moun ki pa genyen, ki patisipe nan pwogram yo, ansanm ak manm fanmi yo ak/oswa pwofesyonèl sipò dirèk yo.

SE PA TOUT MANM YO KI TOUJOU GEN YON PATISIPASYON ENPÒTAN

Tout moun ki enplike yo dwe fè yon efò spesyal pou asire yo ke patisipan ki gen andikap yo patisipe yon fason ki enpòtan epi pou yo jwe yon wòl ki gen valè. Si sa pa fèt, sa diminye chans pou moun vin zanmi ak lòt manm/patisipan yo.

"Mwen ta renmen konnen Sarah pi byen, men li toujou rive anreta nan kou a epi moun k ap ede l yo toujou ap tann li bò pòt la pou yo kouri mennen l ale lè kou a fini."

MOUN K AP PATISIPE AN GWROUP YO OLYE DE POU KONT YO

Patisipe nan aktivite yo an gwoup (tankou yon fwaye akèy) pap ede kreye koneksyon. Fòk yo fè l yon fason ki plis konsantre sou chak grenn moun apa pou yo ka konstui relasyon, de (2) moun alafwa.

"Gen kat fanm ki toujou vini legliz mwen an chak semèn ak moun k ap ede yo. Mwen konnen yo soti nan fwaye akèy, men mwen poko janm ka fè konesans ak youn, paske yo toujou vini ansanm epi yo rete an gwoup."

KONBAT MINIMIZASYON OUBYEN PREJIGE

Pafwa, manm kominote a wè moun ki gen andikap yo avèk yon prejije kache ki defini yo antan ke "kliyan." Menm moun ki gen bon entansyon yo ka trete moun sa yo yon lòt jan, paske yo wè andikap yo a anvan yo wè moun yo vrèman ye a.

"Moun sa a otis; kidonk, li dwe gen anplwaye ki akonpaye l."

FASILITASYON AN KA SANBLE PA NATIRÈL

Bay sipò pou fasilite devlopman yon amitye ant de (2) moun ka sanble pa natirèl. Si sa te rive natirèlman, nou pa t ap la jodi a! Kalite fasilitasyon sa a ap prèske toujou bezwen yon entansyon klè.

"Sa sanble twòp travay pou yon bagay nou tout konnen ki pap mache."

MOUN K AP CHÈCHE ZANMI YO MANKE SOUPLÈS

Moun yo ka santi yo pou kont yo twòp epi yo ka dezespere pou yo kreye yon amitye. Efò yo ka vin parèt twòp oswa twò ensistan. Sa ka fè lòt moun yo vin pi fèmèn toujou.

"Mwen poko ka kwè ke Mary ap bay tout moun nan gwoup la nimewo telefòn li epi l ap mande yo pou yo zanmi l sou Facebook."



Simonte Obstak: Repons pou Sipòte Manm Kominote yo* ak fanmi yo k ap Chèche Zanmi

Eksplòre konsèy ak strateji sa yo pou bay moun ki gen andikap yo ak fanmi yo yon anviwònman ki akeyan e ki bay sipò kote yo ka jwenn opòtinite ki ka ede yo vin manm kominote a ki gen valè. Rekonèt ke manm ki pa gen andikap yo ak fanmi yo gen yon wòl kle nan kreye yon kilti enklizyon.

*Tèm "MANM KOMINOTE A" an ka gen ladan l moun ki gen andikap ak moun ki pa genyen, ki patisipe nan pwogram yo, ansanm ak manm fanmi yo ak/oswa pwofesyonèl ki bayo sipò dirèk yo.

METE MOUN YO SOU CHIMEN SIKSÈ A

Ankouraje fanmi yo oswa anplwaye sipò yo pou yo pale davans sou nòm sosyal yo ak sa yo dwe atann nan anviwònman an. Jwe jwèt wòl epi ankouraje koneksyon. Pa deranje okenn tantativ kominikasyon pou w ka korije yon konpòtman an piblik, si se pa yon konpòtman ki danjere epi ki reprezante yon menas.

ANTRE NAN EKIP YO POU TRAVAY SOU SOLISYON PWOBLÈM YO ANSANM

Konstui yon bon relasyon ak fanmi yo oswa anplwaye sipò yo pou w genyen epi ogmante konfyans lan. Di yo tout bagay. Pale avèk yo pou w ba yo sigjesyon ak apwòch ki pral ede moun sa a reyisi nan pwogram ou an.

KOMINIKE BYEN AK MANM FANMI YO

Fè fanmi yo oswa paran yo konnen si pitit yo ap byen jwe ansanm pou w ka ankouraje koneksyon andeyò de lekòl la (sitou pou timoun ki gen yon pwoblèm kominikasyon).

RANFÒSE REZO SIPÒ A

Pou timoun ki lekòl toujou yo, konekte ak yon moun nan lekòl yo a pou w ka kreye yon rezo sipò ki solid.

BAY MANM YO BAGAY POU YO DI

Bay moun ki ta renmen aprann plis yo liv/resous (manm kominote a, paran yo, anplwaye yo ak volontè yo tou).

DI BONJOU AK YON SOURII!

Lè w janti ak lòt moun, sa ede anpil pou louvri pòt pou kominikasyon ak konstui relasyon (epi sa ka diminye enkyetid sosyal). Di bonjou, fè zanmi, epi prezante tèt ou.

ANKOURAJE MOUN YO PATAJE ENFÒMASYON

Mande manm ki gen andikap yo èd pou yo kreye sous enfòmasyon sou andikap yo. Avèk pèmasyon fanmi yo, pa egzanp, kreye yon ti liv ki gen enfòmasyon pou voye bay lòt paran yo pou yo aprann plis sou otis.

METE MOUN AKEYAN NAN GWOUPE LA

Èske w konnen yon moun nan gwoup la ou ta ka mande pou akeyi moun sa a? Ki moun ou konnen ki yon lidè natirèl oswa ki yon ekstravèti – oswa ki pwouve li se yon moun ki akeyan deja? Chèche yon moun nan antouraj ou ki pou pran sa an chaj epi kontakte moun nan alavans.

ANKOURAJE TOUT MOUN PATISIPE MENM JAN

Bay lòd pou anplwaye fwaye akèy yo oswa fanmi yo vini bonè epi rete ta pou aktivite yo. Ti tan ki anvan ak aprè kou yo bay opòtinite sosyalizasyon ki gen anpil valè. Ede konstui relasyon pou moun yo ka aprann konnen youn lòt antan ke manm patisipan ki egal ego, pou youn lòt konn non ak pa enterè komen yo.

EDE YON NOUVO MANM SANTI LI ALÈZ

Si yon moun gen enkyetid pou l eseye yon nouvo bagay, envite l vin vizite espas la anvan premye kou a pou l ka pran konfyans epi abitye.

Obstak Direksyon Pwogram nan oswa tout Òganizasyon an rankontre

Nou konnen ke gen òganizasyon (e petèt menm ke se òganizasyon pa w la) ki te rive enkli moun ki gen andikap avèk siksè. Epoutan, nou konnen tou ke menm egzanp sa yo montre nou ke gen yon lòt etap ki rete pou fèt. Nou bezwen kreye yon kilti òganizasyonèl ak yon mekanis ki non sèlman enkli moun andikape yo, men ki ankouraje epi ede yo soutni amitye endividyèl tou. Ak kisa yon kilti òganizasyonèl konsa t ap sanble?

Mete w nan plas moun sa.

Ou se yon responsab nan YMCA, Legliz, Pwogram Iwazi, oswa Sant Kominotè ou a, epi ou pran desizyon pou w kreye entansyonèlman yon kilti kote yo ka devlope epi ankouraje amitye ki otantik epi respwòk ant moun ki gen andikap ak moun ki pa genyen yo. Petèt ke ou tande pale de yon amitye konsa ki te devlope ant de nan manm ou yo, epi ou rann ou kont ki benefis ak valè sa genyen pou tout moun nan kominote w la. Pandan w ap suiv pwosesis sa pou w fè inisyativ sa a tounen yon reyalite, kèk obstak kòmanse parèt, ki ka sanble ak sa ki suiv yo.

MAL KONPRANN ENKLIZYON

Nou gen yon ti kras vizyon oswa konpreyansyon sou kisa enklizyon vle di tout bon - gen yon apwòch tradisyonèl ki santre sou sèvis sosyal, ki an reyalite se yon sistèm ki mete moun apa.

"Nou tèlman ofri aktivite amizan pou gwoup moun sa yo, anpil opòtinite pou yo fè zanmi, tankou beny sansoryèl nou an oswa moman kote nou rakonte yo istwa sosyal ki adapte ak sitiyasyon yo a."

"Se sèten ke yo gen anpil zanmi nan pwogram jounen yo a."

REZISTANS KONSÈNAN WÒL OSWA RESPONSABLITE YO

Sosyete a tèlman konsantre sou mantalite "anplwaye pa yo" a, sa vle di moun ki gen andikap yo, tradisyonèlman, se anlwaye yo te konn peye pou "okipe yo" ki te konn ede yo. Se poutèt sa, yo konsidere ankouraje amitye antan ke yon bagay ki pa nan kad sèvis oswa responsablite piblik la an jeneral.

"Yo se manm nou akeyi ak kè kontan nan klèb nou an, epi nou menm aksepte pou moun k ap pran swen yo a vini gratis. Anplwaye ki fòme yo ede yo nan tout sa yo bezwen, donk nou pa bezwen rantre nan bagay konsa ankò."



LÈ W NAN ENKAPASITE POU W REKONÈT ENTANSYON MANM OU YO

Manm yo ka enskri spesyalman pou aspè sosyal yo, pa sèlman pou aspè fizik pèsonèl yo, oswa pou yo ka tande yon diskou ki motivan, oswa pou yo ka ajoute sou lis zwazo yo wè pandan tout lavi yo, elatriye.

"Tout moun okipe, yo jis vle antre epi soti nan kou a, epi vo pa t ap aen tan pou ian de baaav sa vo tou."

PRIYORIZASYON, OSWA MANK PRIYORIZASYON

Manke angajman oswa priyORIZasyon bò kote direksyon pwogram ou an, anplwaye ou yo, oswa kominote a an jeneral.

"Yo pa peye nou pou sa. Nou pa gen lajan, tan, ak resous pou nou eksplòre yon inisyativ kote n ap ede moun yo jwenn zanmi."

? An n reflechi...

Menm obstak sa yo sanble ak sa ki te la yo, sa gen plizyè ane lè yo t ap prezante premye konsèp enklizyon an nan òganizasyon kominotè yo tout kote nan peyi a. Yo te simonte obstak sa yo epòk sa a, e yo ka kontinye simonte yo kounye a tou, avèk apwòch ki byen reflechi, kolaborasyon, ak angajman, sa k ap mennen nan yon amitye otantik epi dirab ki konstui ant de (2) moun.

Simonte Obstak yo: Repons pou Sipòte Direksyon Pwogram Tout Òganizasyon ou an

Kounye a ke nou fin gade ki obstak òganizasyon w lan ka rankontre, kisa nou ka fèt? Ou vle itilize tèt ou pou w travay, donk kisa òganizasyon w lan ka fè kounye a? Ki pwosesis ou ka mete an plas pou w ka anpeche pwoblèm nan pratik ou yo? Petèt ke li t ap itil ou si w ta jwenn repons ak kesyon sa yo.

Kounye a, ou konprann ke nenpòt kalite chanjman nan sistèm nan (tankou sa nou pwopoze isit la pou amitye a) mande yon angajman òganizasyonèl. Direksyon pwogram nan dwe dakò ak direktiv avèk objektif inisyativ sa a. Montre egzanp lan pandan w ap envite tout tip de moun nèt bay ide ak avi yo, depi nan kòmansman pou rive nan fen pwosesis la. Pwogram ou an eksplore oswa angaje li nan pratik sa yo antan ke aksyon prevantif, pou l te ka evite obstak.

FIKSE OBJEKTIF KI KLÈ

Fokis ou sou efò enklizyon sosyal yo nan plan stratejik ou a antan ke yon premye etap enpòtan pou w atenn "pwochen nivo a" nan òganizasyon w lan. Lè w fè sa tounen yon priyorite, ou ka fikse pi gwo objektif ki mache dirèkteman ak misyon w lan. Menm jan an tou, nenpòt ti objektif ou fikse sou wout la ap ede chak grenn moun angaje yo epi sansibilize yo sou responsablite yo genyen pou kontribye nan efò sa, sa k ap chanje kilti a tou avèk letan.

BAY FÒMASYON SPESYALIZE

Pandan w ap bay fòmasyon w lan sou enklizyon, ofri anplwaye w ak ekip ou yo konsèy spesyalize sou fason pou ankouraje amitye. Anplis de sa, fòmasyon an dwe disponib pou manm aktyèl yo ka aji antan ke "moun ki ap akeyi" ak mantò pou tout nouvo manm yo, pandan y ap bay pi bon fason yo ka fè sa ak moun ki gen andikap yo tou.

METE DIVÈSITE NAN ADMINISTRASYON AN

Mete divèsite nan Komite Konsiltatif pou Enklizyon an ak nan Konsèy Administrasyon an. Asire w ke moun ki gen andikap (ak lòt gwoup yo) yo reprezante epi patisipe antan ke manm.

CHÈCHE, FOUYE EPI MANDE!

Pa janm jennen oswa pè mande komite konsiltatif oswa donatè prive ou yo sipò oubyen resous k ap ede lanse efò pou mete moun ki gen andikap ak moun ki pa gen andikap yo ansanm.

KONPRANN BEZWEN MOUN

Fòk ou konprann ke anpil nan manm ou yo—se pa sèlman moun ki gen andikap yo—ka bezwen yon ti "bagay an plis" pou yo ka konekte yon fason ki gen sans ak lòt manm yo. Se pa tout moun ki ekstravèti, e pafwa yo bezwen yon moun ki ka fè premye pa a oswa kraze glas la pou yo.

KREYE SANTIMAN APATENANS

Prèske tout moun ta renmen santi yo fè pati de yon gwoup. Koronaviris 2020 an te agrave santiman sa pou moun ki gen andikap yo.

Òganizasyon yo ta dwe pale de sa nan deklarasyon sou misyon yo ki klè nan je tout moun, pou montre youn nan entansyon yo se konekte moun youn ak lòt yon fason ki otantik.

KREYE PATENARYA

Kolabore ak yon òganizasyon pou sèvis sosyal yo, envite yo pou yo mete anplwaye ki gen konesans yo nan aktivite w yo pou travay nan lokal ou a. Pa mete yo responsab sèlman pou moun ki gen andikap yo, men prezans yo ka ede pou gide efò k ap konekte tout manm ou yo ansanm.

ENKLI "AMITYE" NAN ÒGANIZASYON AN

Asire w ke ou enkli amitye antan ke yon eleman nan oryantasyon tout anplwaye yo, nan deskripsyon travay yo, ak nan evalyasyon pèfòmans yo. Tèm sa a pa janm twò itilize.

Yon dènye nòt sou Enklizyon ak chimen pou rive nan amitye

Gen kèk òganizasyon, tankou legliz yo ak kèk lòt etablisman, ki ankouraje manm yo pou yo sipòte youn lòt, andeyò de aktivite òganizasyon an menm. Pa egzanp, manm legliz yo konn bay lòt manm wilib ak manje si yo bezwen. Gen lòt asosyasyon ki ka pa ankouraje manm yo rete konekte antre yo. Nan toulède sitiyasyon sa yo, reflechi sou sa ou menm (nan wòl ou) ou ka fè pou kreye oswa fasilite yon vrè relasyon/amitye.

Yon fason senp pou w ouvè sijè sa nan òganizasyon w lan se poze kesyon an anndan òganizasyon an. "Kijan nou ka kreye yon nouvo eritaj.....pou òganizasyon nou an....pou manm nou yo ki gen andikap ak fanmi yo, pou tèt pa nou, epi pou kominote nou yo?" oswa "Kijan n ap akonpli misyon nou? Èske aksyon nou yo sanble ak objektif nou?"

Pou m fini, mwen ta renmen pataje kèk santiman avèk nou sou sa vwayaj ak redaksyon gid sa a te vle di pou mwen. Se te yon kontantman pou mwen, men li te louvri je m tou. Malgre anpil moun konnen enpòtans ak byenfè amitye genyen, atravè pwosesis sa a, mwen reyalize moun ki gen andikap ak moun ki pa genyen yo pa fasil devlope yon vrè amitye kote yo youn ap ede lòt, menm nan anviwònman enklizif yo. Se te youn nan rezon ki te pouse m ekri gid sa a. Mwen konnen ke pwojè sa a te amelyore san dout gras ak gidans avèk kontribisyon anpil moun te bay.

Tout remèsiman mwen al jwenn Jack Yates, ki te yon gwo bout tonton sipò, depi nan kòmansman rive nan dènye koreksyon yo. Se te yon vrè plezi ak yon onè pou m te benefisye de sajès, konesans, ak pèspektiv Jack pou m te ka ekri gid sa. Sa li aprann mwen yo ap ret nan tèt mwen menm aprè pwojè a fin konplete e san dout l ap fòme travay mwen ak misyon m pou lavni.

Tout rekonesans mwen al jwenn Mary Wrenn-Woodward, pou volonte li te genyen pou l te kanpe avè m pou l banm konsèy ak ede m ekri gid sa! Asistans ou a te ale pi lwen pase jis koreksyon tèks la, paske pèspektiv ou antan ke yon moun ki pa gen okenn eksperyans ak mond enklizyon an oswa moun andikape yo, te louvri je m pou m rive jwenn piblik mwen te vize a - pou tout moun k ap li yo ka konprann.

Pou kòlèg mwen yo nan *Pathways to Friendship* ak manm konsèy konsiltatif yo, ki te yon motè nan travay sa a, mwen gen chans dèske m te gen opòtinite pou m pwofite de eksperyans ak konesans nou. Mèsi, Jim Ross, Katie Driscoll, Phoebe Goodman, ak Tom Doody paske nou te banm sipò nou, epi mèsi pou Leo Sarkissian, Direktè Egzekitif The Arc of Massachusetts, paske nou te rekonèt valè direksyon gid sa a, epi paske nou te mete konfyans nou nan mwen pou m bay mesaj enpòtan sa a.

Bay egzanp amitye ki otantik epi k ap fleri te yon pati enpòtan nan eksperyans lektè a. Se te yon gwo onè ak opòtinite ki te fè m santi m enb pou m te rankontre epi entèvyouve zanmi ki te pataje istwa yo nan liv sa a. Chak grenn nan istwa sa yo te touche kè m, nan pasyon yo, nan lanmou yo gen youn pou lòt, ak nan fason yo montre sa amitye vle di.

Pou kòlèg devwe m yo, pwofesyonèl lwazi yo, ak manm kominote a ki te pran tan pou rankontre epi pataje eksperyans yo sou difikilte ak siksè yo rankontre nan òganizasyon yo pandan yo t ap defann enklizyon. Mèsi Chenine Peloquin, Katie DeAngelis, Evelyn Hausslein, Kate Quinn, Rebekah Coffey, Serah Selmon, Joe Leaver, Sue Woodward, Micah Barshay, Sydney Lahmeyer, Kerri Sadoff, ak Lauren Rodday. Epi pou paran yo Melissa Winchell, Emily Colson ak Marianne Leone, mèsi paske nou pataje istwa pèsònèl nou yo ki te gen yon gwo enpak sou mwen, sou vizyon m, ak sou detèminasyon m, pa sèlman pou pwojè sa a, men pou tout misyon travay mwen an.

Epi mèsi a ou (wi, ou menm!) paske ou antre nan vwayaj sa a, paske ou rekonèt ou gen pouvwa pou fè yon enpak sou amitye ant moun ki gen andikap ak moun ki pa genyen yo, epi paske ou ekipe tèt ou ak gid ou jwenn isi a, pou ou ka pwogrese epi fè yon diferans!

Lisa Drennan,
MERGE Diverse Abilities Inclusion Consulting



Lisa Drennan se fondatris MERGE Diverse Abilities Inclusion Consulting, ki bay fòmasyon pou anplwaye ak konsiltasyon pou òganizasyon lwazi, spòtif, kan, ak kominotè sou fason pou yo enklizif ak moun ki gen divès kapasite. Anplis de sa, MERGE disponib pou antrene ak konsilte ajans k ap sipòte moun ki gen andikap yo pou yo ka vin manm ki gen valè nan kominote yo a.

Pou w jwenn asistans pou òganizasyon pa w la, tanpri vizite: www.mergeconsulting.org oswa kontakte Lisa pa imèl nan lisadrennan@mergeconsulting.org oswa rele li sou telefòn nan 781.724.1918



Kounye a, se kout pa w:

Sèvi ak espas sa a pou w ekri nòt sou etap òganizasyon w lan ap pran sou **Chimen Amitye a**.

Ki obstak ki genyen ak ki fason pou simonte obstak sa yo pou anplwaye w yo, kominote w la oswa òganizasyon w lan?

Lined area for writing notes, consisting of 30 horizontal lines.




The Arc[™]
Massachusetts

The Arc of Massachusetts
217 South Street
Waltham, MA 02453

tel. 781-891-6270
www.arcmass.org

